ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ГЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№186 (22.344) ● 2012 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adygnale.ru

● КъБР-м и Iэтащхьэ

Къанокъуэ Арсен «Россия 24» телеканалым къыщопсалъэ

Сочэ къалэм щекIуэкIа XI дунейпсо инвестицIэ зэхьхьэшхуэм щыIэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен тележурналистхэм я упщIэхэм жуап иритащ. «Россия 24» каналым и хьыбарегъащIэ программэр езыгъэкIуэкIыр нэхъыбэу зыщIэупщIар Къэбэрдей-Балькъэрым Сочэ иша проектхэр зыхуэдэращ, ди республикэм инвестицIэхэр къызэщIэгъэуэгъэнымкIэ щыIэ щытыкIэрщ, туризмымкIэ кластерым зэрызыпуэкIырщ.

- Фи республикэм и лЫкIуэхэм мы зэIущIэм сыт хуэдэ проектхэр къаша?

– Къэбэрдей-Балькъэрым проект зыбжанэ егъэлъагъуэ, абыхэм ящыщу Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр зэтегъэувэжыным тещIыхьам ипкъ иткIэ, лэжьапIэ IэнатIэщIэу миным нэблагъэ къызэIуахынущ. 2013 - 2017 гъэхэм Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щагъэзэщIэну мы проектым сом мелард 12 текIуэдэнущ.

Май муниципальнэ районым «PLANA» агроиндустриальнэ парк» экономикэ щIыналъэ хэха къыщыгъэгъэпэщыным теухуащ къыкIэлыкIуэ проектыр. А щIыналъэм хиубыдэу зы кластеру зэгуэт, химием и продукцIэ къыщIэныгъэкI, пхъэм елэжь, машинэ зыщI, ерыскъыхэкIхэр щагъэхьэщыр IэнатIэ лъэщу 18 зы кластеру зэпыщIауэ щаухуэнущ. Абы инвестицIу сом мелард 60-м щIигъу текIуэдэнущ. Ахэр лажьэу яутIыпщмэ, абыхэм IэнатIэщIэу цIыху мин 11-м нэблагъэ зыпэрыувэн къыщызэIуахынущ, апхуэдэу Урысей Федерацэм и бюджетым и IэнатIэ псоми налогыу халъхьэр сом мелард 11,4-м нэблагъэнущ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и standeн хэту апхуэдэу ягъэлъагъуэ «Севкавгеология-Д», «Телемеханика», предприятэхэм къыщыщIагъэкIхэр.

Зэрыщыту къапщтэмэ, КъБР-м и экономикэм къыхалъхьэ ахъшэр зэпымууэ нэхъыбэ мэхъу - 2006 - 2011 гъэхэм ар сом меларди 6,4-м щегъэжьауэ сом мелард 17,7-м нэсащ, нэгъэзащIу жыпIэмэ, хуэдищкIэ нэхъыбэ хъуащ.

Ди дежкIэ «Сочэ-2012» дунейпсо зэхьхьэшхуэр икъукIэ IэмалыфIщ субъектхэм щызэхалъхьа проектхэр гъэлъагъуэнымкIэ, дызыдзажьэ хъунущ инвесторхэр къэтлъыхъуэнымкIэ.

- Дэ дыщыгъуазэщ Италием щыщ инвесторхэр фи республикэм пэгъунэгъу защIыну зэрыхущIэкъум. Ахэр зыхэлэжьыхьыну е щIадзауэ зыхэлэжьыхь IэнатIэхэр сыт хуэдэ?

- Пэжщ, хабзэ хъууэ, Италием и лЫкIуэ зиусхьэн Ланди Антонио япэ дыдэу зэпльхэм ящыщщ ди стендыр. Италием дэ нужь зэманым быдэу дыпыщIауэ дыдолажьэ. А къэралым щыщ ди лажьэгъуэм ди деж къашэ агротехнологие пэрытхэр, псом япэу псынщIэу къызыпыкIэ жыг хадэхэр, жызым хадэхэр хэсэным, гидропоникэм и IэмалхэмкIэ хадэхэкIхэр къэгъэкIыным теухуахэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

● Iуащхьэмахуэ куей

ПсэукIэр ящегъэпсынщIэ

«2011 - 2015 гъэхэм КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ комплексыр реформэ зэращIынумрэ зэрырагъэфIэкIуэнымрэ» республикэ программэм хэхам ипкъ иткIэ, Iуащхьэмахуэ районым хыхьэ Гундэлэн, Былым жылагъуэхэм щызэрахъуэкIащ жыг хъуа псы кIуапIэхэр.

А IУЭХУМ республикэ бюджетым щыщу сом мин 463,2-рэ хухахащ. Былым къуажэм сом мелуани 2-рэ мин 280-рэ и уасэ лэжьыгъэ щызэфIагъэкIащ. Абы бжьамиИхэр метр 2600-м щаукъуэдиящ, Гундэлэн - метр 1150-кIэ.

Куей администрацэм псэупIэ-инженерно-хозяйственнымкIэ и къудамэм и унафэщI **Курданов Сулеймэн** зэрыжиIамкIэ, 2013 гъэм республикэ программэ хэхам хагъахьэну ухуэныгъэхэр ягъэбелджылы.

- А программэм и фIыгъэкIэ хэпщIыкIыу ефIэкIуащ, унагъуэхэр псыкIэ къызэрызэдгъэпэщ щIыкIэр, псом хуэмыдэу щIымахуэм. Абы къуажэдэсхэр егъэтынщ.

ТАРИМ Алисэ.

Нэхъри гъунэгъу зэхуохьу

Москва Iэ щытрадзащ Урысеймэ Люксембургымрэ я зэпыщIынымрэ зэзыгъэужь зэгурыIуэныгъэм.

Ижь зэманым къэралитIыр зэрызэдлажьэм хуабжьу зиубгъуащ. Люксембургыр ящыщщ ди къэралым и экономикэм инвестицIэ нэхъыбэ дыдэ къыхэзылъхьа къэралищым.

ЩIэрыщIэу хоплъэж

Химки и судым нобэ щIидзащ уэрэджыIакIуэ Кондратьев Игорь (нэхъыбэу къызэрацIыхур Крестов Константинущ) и Iуэхум щIрыщIэу хэпльжьыр.

Ар ягъэтIысауэ щытащ, хъыджэбзитIым лей иригъэу ягъэкъуаншэри. Абы папщIэ тезыру тралъхьар емыкIуэ зыпыльу мащIэт - ильэситIрэ мазилIкIэльэхъуэщым ихыну. А унафэм тетамэ, Кондратьевыр хуит къащIыжьын хуейт - ар апхуэдизэ пIалъэкIэ тутнакъэщым исагъэхэти. АрщхьэкIэ Москва и область судым унафэр пхигъэкIакъым. Лей зылысцаэм къалъытащ тезыырыр щабэIуэу. Абыхэм апхуэдэу къагъэуэ я псэхэм бзыпхъэ зэрытелъам къыхэкIыу лейзехьэм хъыджэбзхэм ахъшэ яритын хуейуэ.

Хабзэрылажьэхэм къалытэ судым унафэ тэмэм къищтэмэ, нужьрейм лъэхъуэщым ильэс 13-м къыщыпIэдзауэ 15-м нэс щигъэкIуэн хуейуэ.

Ахъшэр лей хьурэ?

УФ-м Финансхэмкlэ и министерствэм зэрыщыжаIамкlэ, 2013 гъэм и бюджетым хэхьуэхэр хэщIхэм нэхьр сом меларди 147-рэ хуэдизкIэ щынэхьыбэщ.

Псори зытращIыхьыр щIыдагъэм и уасэр зэрыдэкIуейм и мызакъуэу, инфляцэм зричащ. Ар ягъэзыхуауэ щытам нэхьрэ зы проценткIэ нэхъыбэщ.

Iуэпкъ Iущыгъэ:

Умыгупсысэу жыпIари пIэщIэкIа ныбгъуэри тIури зыщ - къыпхуэубыдыжынукъым.

● КъБР-м и Правительствэм

«Къэралым теухуа сыхьэтыр» иджыри илъэскIэ яукъуэдий

Налшык къадэм дэс щIадзэгъуэлэм дяпэкIи Iэмалхэр яIынущ властым и лЫкIуэхэм яIущIэну.

ИДЖЫБЛАГЪЭ Къэбэрдейщ-Балькъэрым и Правительствэм кьищтащ «Къэралым теухуа сыхьэтэ» информацIэ проектым хиубыдэу зэфIагъэкIынухэм я планыр икIи ар щагъэззэщIэну пIалъэм 2013 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм нэсу пищащ.

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм и жэрдэмкIэ ирагъэжьа мы проектым хиубыдэу КъБР-м и Iэтащхьэ и Администрацэмрэ Правительствэмрэ я лэжьакIуэхэр щIалэгъуалэм яхуозэ икIи къэрал властым и органхэм я лэжьакIэм, къащтэ унафэхэм щыгъуэзэ щI. Псалъэмакъыр абыи къыщIувыIэркъым, сыту жыпIэмэ, абы кърихьэлIэ щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ яфIэгъэщIэгъэну щIоупщIэ кьэхъукъащIэ, гугъуехь зэмылIужьыгъуэхэр властым и лЫкIуэхэм къаззрыщыхьым.

Мы проектыр зэрагъэзэщIэну пIалъэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI Гертер Иван къызэригъэувам тету пащащ щIалэрэ хьыджэбзу нэхьыбэ псалъэмакъ щхьэпэхэм кьыхашэн папщIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЩытыкIэр щызэпкърах

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев Казым фокIадэм и 21-м иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балькъэрым электроэнергетикэм зыщегъэужьыныкIэ ЗэзыгъэуIу советым и зи чэзу зэIущIэр. Абы хэтащ министерствэ, Iэнатlэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэмрэ IэщlагъэлIэмрэ.

ЯпэкIэ IУЭХУГЪУЭМ, 2013 - 2017 гъэхэм республикэм электроэнергетикэм зэрызыщиужьыным и схемэмрэ и программэмрэ теухуауэ зэхьхьэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и тарифхэмрэ энергетикэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Уэлджыр Жыраслъэн**. Абы зэхуэсахэм ягу къинтэкIыжащ нэгъабэ мазаем и 24-м къызэрагъэпэща лэжьакIуэ гупым 2012 - 2016 гъэхэм, икIи 2020 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балькъэрым электроэнергетикэм зэрызыщиужьынум и схемэмрэ и программэмрэ, апхуэдэу «2012 - 2016 гъэхэм КъБР-м электрокъарум къызэрыщыдагъэхуэнур, абы кьит фейдэм зэрыщыкагъэхьуэнур» республикэ программэ хэхамрэ зэригъэзэхьэзырар.

- ЩIышьлэ кIуам и 24-м Къэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм и Унафэкlэ аэр кьащтами, мы зэкIэ нэгъэсауэ гъэззэщIа хъуркъым. Щхьэусыгъуэр ахъшэр кьызэрыдэмэщIэкIырщ. Дэ ди кьаэнщ схемэмрэ программэмрэ ильэс кьэс зэдгъэззэхуэжьну. А лэжьыгъэр зэфIэдгъэкIын щхьэкIэ, кьыттэщыт Iуэхугъуэхэр щIэрыщIэу дыхэмыплъэжу хъунукъым. Сыту жыпIэмэ, 2013 гъэм и республикэ бюджетыр кьамыщтэ щыкIэ, дызыхуей тхьылъхэр и чэзум дгъэхьэзырын, аукцион едгъэкIуэкIын, абы щытекIуэм къэрал зэгурыIуэныгъэ етщIылIэн хуейщ, - кьыхигъэщащ Уэлджыр Жыраслъэн.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

● Кавказ Джэгуэр

Шынагъуэ щымыIэн папщIэ

КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министру КъБР-м щыIэ полицэм и генералмайор Васильев Сергей фокIадэм и 28 - 30-хэм республикэм щекIуэкIыну «Кавказ джэгуэр» фестивалым щынагъуэ кьыщымыгъэхьуным теухуауэ зэпсэлъэн, зэчэнджэщын мурадкIэ, «Спартак» республикэ стадионым щызэхуищэсащ а Iуэхугъуэр зи кьалэн хабзэхъумэ IэнатIэхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лЫкIуэхэр.

Хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ кьызэрагъэпэщын папщIэ, гъущI детектору, турникету, кьызэтезыгъэувыIэ лентIкъу зыхуеинум хуэдиз ягъэуващ, яуку ъуэдиящ. КьыщынэмыщIауэ, стадионым щылэжьэнущ видеокамерэ 36-рэ. Араущи, зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIыну щыIэ псори я нэIэ щIэтынущ.

Фестивалыр щекIуэкIкIэ, Абхъазым и утым, Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм, Театр ЩхьацанIэм щагъэувынущ гъущI детекторхэр, щIыхухэм я хьэпшыпхэм щепльыну стIолхэр, шэч зыхуащI щIыхуэхэр кьыщащыну палаткхэр.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

● Шэрэдж куей

Пхъэнкlий идзыпIэхэм я пIэкIэ - зыгъэпсэхупIэхэр

Балькъэр Ищщэ къуажэм пхъэнкIий идзыпIэ Iэрыщlхэр щыIэжьынукъым. Мэкъуаугъуэ кIуам щIыпIэ администрацэм кьищта унафэм ипкъ иткIэ, пхъэнкIийр зэуIуу зэхуахьэс, зэлъжьыжынуэхэр, кьагъэсэбэныну хэр кьыхагъэкIри, кIрыхубжьрыхухэр Аруан районым щыIэ идзыпIэм ирагъэнэ. А Iуэхум тхьэмахуэ зэхуакум махуитI щыхухах, мазэм машинэ 12-м щIигъу Iуагъэнэ.

КЪУАЖЭДЭСХЭМ я процент 90-м администрацэм и жэрдэмыр даIыгъ икIи я щIапIэхэр кьабзэу зехьэным йогугъу. ПхъэнкIийр зэрыхуадашым папщIэ, мазэм зы цIыхум хуагъазэр тумэнищщ, псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм зи хэхъуэр зэмылъ унагъуэхэм, зи ныбжьыр хэкIуэта зи закъуэхэм, быи куэд зыпIэхэм кьыIахьар сом 15-щ.

Администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Гериев Руслан зэрыжиIамкIэ, ягъэсеижа пхъэнкIий идзыпIэхэм удз щабэхэр щыхасэнущ, уэрэшэрыпIэхэр щагъэувынущ, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэр кьыщызэрагъэпэщынущ.

ЩIыпIэ унафэщIхэм кьызэралъытэмкIэ, балькъэрипшэдэхэм мазэ кьэс турист мини 10-м кьыщыщIэдзауэ мин 15-м нэблагъэ зэрахьэ. Абы къуажэр кьабзэу зэрахьэну я кьалэнщ.

БОЗИЕВЭ Залинэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2012 гъэм фокIадэм и 27-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щекIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыкьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьэм папщIэ

2012 ГЪЭМ фокIадэм и 1-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Управленэу КъБР-м щыIэм - «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм и IуэхущIапIэ псоми етIанэгъэ и апэ ильэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьынухэм Iэ трегъэдэным щыщIадзащ.

Фыдэзыхьэх газетхэмрэ журналхэмрэ 2013 гъэм и апэ ильэс ныкъуэм къевгъэхьыну Iэ щытвдзэ хъунущ аэр и чэзум унэм ныфхуэзыхьыну е пощт зэпыщIэныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм кьыщызэхьтыжыну щэсыпIэу къэув пощт IэнатIэхэм.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ зэрыщыщIадзым пыщIа Iуэху псоми пощт зэпыщIэныгъэмкIэ къудамэхэм я лэжьакIуэхэм щхьэхуэу фыкагъэгъуэзэнущ.

Iэ тедэнымр фымыгъэгувэ, и кIэ дыдэм нэвмыгъэс.

ФПС-м и Къэбэрдей-Балькъэр управленэ - «Урысейм и пощт» ФГУП-м и къудамэ.

Ди щIэджыкIакIуэ пщIэ зыхуэтщIхэ!

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Май куей

Унэхэр щIымахуэм хуагъэхьэзыр

Май куейм щоужьэрэкI щIымахуэр къэмысу унэ зэтетхэр зыхуей хуэгъэзэным.

«ПСЭУПIЭ-коммунальнэ хозяйствэхэм я реформэмкIэ фондым» ехьэлIа законым ипкъ иткIэ, кърахьэжьа лэжьыгъэхэр кърахьэлIэ «Ремонт-ухуакIуэ компание», «Росстрой» ООО-хэм. Иджыпсту мыхэр Ленинымрэ Энгельсрэ я уэрамхэм тет унэ зэтетитIым зэуэ йолажь. Зым и унащхьэр щIэкIэ яхъуэжащ, блынхэр штукатур ящIащ, унэ IуплъапIэр зэрахьащ, сэкъат зыгъуэта балконхэр зэрагъэпэщыжащ икIи куэд мыщIэу ахэр зэщхьу кьэнжалхэмкIэ къагъэувыхьыжынущ. ЕтIуанэ унэм ремонт хуэIухуэщIэхэр щызэфIагъэкIри, сантехникэ лэжьыгъэхэр яублащ. Псы щIыIэ, хуабэ эрикIуэ, канализацэ бжьамийхэри щIымахуэм къызыхуэтынщэу хуагъэхьэзыращ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Ди къуэш республикэхэм

Мин 464-м нэсыну щогугъ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***2012 гъэм республикэм зыплъыхьакIуэ, зыгъэпсэхуакIуэ кьакIуэхэм я бжыгъэр мин 464-м нэсыну хуагъэфащэ.***

БЖЫГЪЭХЭМ ятепщIыхьмэ, мы гъэм и апэ мазихым республикэм турист мини 150-м щIигъу щыIащ. 2011 гъэм кьащта «Къэрэшей-Шэрджэсым 2016 гъэ пщIондэ туризмым зыщегъэужьын» республикэ программэр пхагъэкIмэ, ильэс кьэс КъШР-м и туризм Iуэхущ IапIэхэм кьакIуэхэм проценти 10 хэхьуэну кьалытэ. 2012 гъэм а бжыгъэр мин 463,6-м нэсыну щогугъ.

Москва и унэ

АБХЪАЗ. ***Президент Анкваб Александр Iуащащ Москва и правительствэм и Iэтащхьэ - экономикэ, дунейпсо зэпыщIэныгъэхэмкIэ департаментым и унафэщI Черемин Сергей.***

АХЭР тепсэлъыхьащ Абхъазымрэ Урысейм и щыхьэр Москварэ я правительствэхэр зэрызэдзэпэжьынымрэ зэхэм, лъэныкъуитIми я сэбэн зыхэль, мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми кьытеувыIащ. Москва и унэ Сыхъум щыуухуэным и гугъу щащIым, Черемин Сергей жиIащ ар псынщIэу зафIагъэкIыну яужь эзыритынкъ.

Сом мелард 37-м нэблагъэ

АДЫГЕЙ. ***«Сочэ-2012» дунейпсо инвестицIэ зэхьхьэшхуэм Адыгейм сом мелард 36,7-рэ зыхуэзэ зэгурыIуэныгъи 7-м Iэ щыщIидзащ.***

АБЫ и фыгъэкIэ Адыгейм и Тохьутэмыкъуей куейм щыдагъэм щелэжь комплекс щаухуэнущ. Абы инвестицIэ ахъшэу сом мелард 30 хуэзэнущ. Ухуэныгъэр 2016 гъэм ирихьэлIэу хьэзыр хьуну щогугъ. А IэнатIэм лэжьэн щIидзэмэ, Адыгейм и бюджетым ильэс кьэс налог хэхьуэу сом мелуан 500 нIэнущ, цIыху мин 1,5-рэ лэжьапIэкIэ кьызэригъэпэщынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женэ.

Къанокъуэ Арсен «Россия 24» телеканалым къыщопсалъэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-из нап.).

Италием щыIэхалъхьа иджыфей технологиехэр ди компание нэхъ инхэм я мызакъуэу уней льапсэхэми къыщагъэсэбэп, абы ди дежкIэ мыхьэнэзыхъ иIэщ. ЩIадзауэ иджы ди гъунэгъуэр ди деж къокIуэ, ди лэжьэкIэм щыIэуэ зэщIыпэхэр. Иджы дэ ди мурадыр а зэдэлэжьэныгъэм нэхъри зедгъэубгъуну адыгэ.

- Республикэм и турист кластерыр «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» щIыналъэ зэхуаку проектым и инфраструктурэм хэгъэзэгъэныжкIэ лэжьыгъэхэр дауэ екIуэкIрэ?

- Къэбэрдей-Балькъэрым туризмымкIэ и Iэнатlэм мы гъэм щыщIэдзауэ щIэзэхуэгъэбжьауэ зиужьын хуейщ. Щыщхьэу маэзм ди деж щыIащ «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» акционер зэгухьэныгъэ зэпхъаи и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэ Билалов Ахьмэд икIи дэ дытепсэлыхьащ республикэм и курорт нэхъыщхьэ Iуащхьэмахуэ льапэ щагъэзэщIну проектхэм кьэрал компаниер зэрыхэлэжьахьыну щIыкIэм. Iуэхуэ зыгъеуфхуар республикэм и мылькуу Iуащхьэмахуэ льапэ щыIэхэм щыщIыхьэ - псом япэу Азау хуейм щыIэ кIапсэ гъуэгущIэу тIу - «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м зэрихьэну етыныщ. Кьэрал компаниер зэлэжьыну Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщIу Азау хуейм щыIэ кIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэр укъуэдиныр, метр 4130-рэ зи льагагъ щIыпIэм щыIа «Приют одиннадцатый» хьэщIэщыр зэфIэгъэувэжьныр, Чегет бгым дэжI кIапсэ гъуэгуфIэ укъуэдиныр пыщIа iэкьыгъэжэр нэгъэсыныр.

«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-р Iуащхьэмахуэ льапэ щылажьэу зэрыхуежьэнымрэ фIыщIэкIэ Кавказ Ищхьэрэм и бгылыжьэ кластерым зыщужьынытIащ игъуэтынкIуэ. Нэхъ япэм мы проектым курорт инфраструктурэр щIэуэ зэтегъэувэн хуейуэ кьигъэуву щытамэ, ар Iуащхьэмахуэ льапэ кьыщагъэщIэрагъэпэщIэ куэд щIащ икIи абы иджырей хьэщIэщхэр ресторанхэри щыIэщ.

ТуризмымкIэ ди проектхэр зыIфIэгъэщIэгъэнхэм ящыщIу «Кавказ Ищхьэрэм и къурш клубри». Иджыпсту екIуэкI зэхьихьэщхэм ипэкIэ дыщыкъэхуэзам, абы и унафэщI Пак Антон жиIащ «Кавказ Ищхьэрэ къурш клуб» проектыр Къэбэрдей-Балькъэрым щыгъэзэщIэным икIи абы хиубыдэу къурш туризмым и лIэужьыгъуэ хэхахэм зегъэужьыным хэлажьхьыну нэгъэущIэ къэралхэм щыщ компаниехэр зэрыкъэзыгъэкIрыр. Абы ипкъ иткIэ япэ лъэхъэнэм Iуащхьэмахуэ и джабэм алъпинистхэм папщIэ егъэзыпIэ зыбжанэ щащIынущ. Цыхьу 48-рэ зыщIэхуэну япэ хьэщIэщыр Iуащхьэмахуэ и джабэм метр минипи 4-м щIигъу зи льагагъ щIыпIэм къыщIэзыIуахынущ икIи абы япэ туристхэр иригъэблэгъэнщ дызыкIуэкIуэ илъэсым и мэкъуэгуэгъуэ-бадзэуэгъуэ мазэхэм. Iуащхьэмахуэ дэкI кIапсэ гъуэгуу тIу зэрыщIэр, ещанэр зэраукъуэдиныр, хьэщIэщыр кьызэрызIуахынур зэхэлъхьэжмэ, Iуащхьэмахуэ и щыгум дэкIхэм я Iэхур инкъуэкIэ тынщ хьунущ.

- Иджыпсту псальэмакъ куэд йокIуэкI Кавказ Ищхьэрэм щыIэ республикэхэм щIалэгъуалэр зэрiIэпхъуэкIым теухуауэ. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Iуэхур дауэ щыт?

- Абы и лъэныкъуэкIэ ди Iэхуэм хэхауэ уэщIытегъуэвыхьын щыIэкъым. Сэ ей лъэпкъ хэсылагъуэркъым щIэныгъэ зэрагъэгъэутын папщIэ ди щIалэхэр кьэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэм зэрыкIуэм, нужьыб кьагъэзэжу щалъхуа щIыналъэм зегъэужьыным зэрытелажьэм. Псальэм папщIэ, сэри апхуэдэущ си Iэхуэр зэрыщытар. Иджыпсту дэ дыхущIокъу щIалэгъуалэм я эфIэкIыр кьагъэсэбэныж папщIэ зыхуэну Iэмалхэр кьаэрыхуэзэдгъэпэщыным. Абы папщIэ щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ я жьыджэгагъыр щагъэунэхуфын щIалэгъуалэ организацэхэр кьыззэрагъэпэщ, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр кьыззэIуах, республикэм и экономикэм щIэныгъэ щIагъэкIуэну нэгъуэщI къэралхэм, ди къэралым и еджапIэ нэхъыфIхэм щагъэхьэзыр, хэхаэу урысхэр республикэм кьинэным теухуа программэ щхьэхуэхэр зэхалъхэ.

ФокIадэм и 22-м, Сочэ къалэ «Россия 24» телеканалым занщIэу эфырым кIуэуэ кьита программэ.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Сом 887,4-рэ хущIагъу

2010 гъэ льандэрэ УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм мылажьэ пенсионерхэр нгъэбелджылыуэрэ, федеральнэ социальнэ ахьшэхэр я пенсэхэм хущIегъу.

ПСЭУН папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм хуэдиз хэхъуэ мазэм зимыIэ (КъБР-м и Правительствэм и чэзу финанс ильэсым игъэувам хуэдиз) пенсионерым федеральнэ социальнэ ахьшэ (ФСД) хущIагъури, республикэм зэрыщыщхьэ хуейм нагъэ.

2012 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым пенсионерым нэхъ мащIэ дыдэу щыхуагъэувар сом 4760-рэщ. ЩIышIэлъ кIуам и 1 льандэрэ зи пенсэм федеральнэ социальнэ ахьшэ зыхущIагъуа щыхъу 23.523-м ику иту сом 794,05-рэ яIэрыхьэу щытащ. 2012 гъэм мазаем и 1-мрэ мэлыжьхьым и 1-мрэ пенсэхэм, мэлыжьхьым и 1-м щегъэжьауэ мазэ кьэс щхьэхуэу иратым зэрыхагъэхъуэм къыхэкIыу, республикэм щыщу федеральнэ социальнэ ахьшэ зыхущIагъуэм я бжыгъэм кIэрыхуауэ. ФокIадэ дыдэрытым ахэр щыхъу 23.224-рэ мэхъу икIи дэтхэнэми ику иту сом 887,4-рэ я пенсэхэм хущIагъу.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Бахьсэн куей

Гукъыдэжыр псом ящхьащ

Бахьсэн куейм и пенсионерхэм компьютер хуэIухуэщIэм пIуаэсэ зыхуащI.

ПЕНСИОНЕРХЭМ я кьалэ советым и жэрдэмкIэ кIыхьалъха мы Iуэхум кьыпаджэхэзэм я бжыгъэм кьахэхьуэ зэпытщ. ПщIэншэу ирагъэкIуэкI дерсхэм хиубыда япэ гупым еджэн иджыблагъэ яухащ. Iуэхум и къызэрагъэпэщкIуэ АфIэунэ Лоле къызэрыджиIамкIэ, я кьалэн нэхъыщхьэр пенсэм кIуа дэтхэнэ зыми жылагъуэ гъащIэм жыджэру адэкIи хэтын папщIэ ядэIэпыкъунырщ.

Мы зэманым ирихьэлIэу цIыху 45-рэ ирагъэджащ. Ахэр куейм и къуажэ псом кьокIэхэр. Тхьэмахуэм тIэу щыIэ дерсхэр зи ныбжь хэкIуэтахэм кьаэретынщэкIыным тещIыхьауэ зэхагъэуващ. Егъэджэныгъэхэр Бахьсэн къадэм дэт курыт адэжьмIэ №1-м къарита пэщым щагъэкIуэкI. ЕтIуанэ гуэдзэм жэпуэтхэм и пэщIэдэзэм еджэн щIадзэнущ.

«Иджыпсту щыщIэдзауэ къэтщтэфыну бжыгъэр ирикъуащ. АдэкIэ ди мурадщ зэрытхуэзэфIэкIкIэ ди компьютер техникэр едгъэфIэжIуэну. Класс пэщи дяпэкIэ къызэрыдгъэмэщIэжкIынур нэрылъагъу кьэхъуащ», - жеIэ АфIэунэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

● Аруан куей

Жьыр щIэкIэ зэрахъуэкI

Старр Шэрэдж къуажэм и етIуанэ курыт школым и ушэтыкIэ зэрахъэжкI. Егъэджэныгъэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным программэм ипкъ иткIэ а лэжьыгъэм сом мелуани 4-м нэс хухахащ.

ЕДЖАПIЭР зэраухуэрэ илъэс 37-рэ дэкIащ. А зэманым кьриубыдэу ар зэи хэкъуэзуэ зэрагъэпэщжакъым. Лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIыпхъэм я зэпеуэм щытекIуа («Строй ресурс» ООО-м и ухуакIуэхэм мы зэманым бгыкъухэр ягъэув. Унэм и щхьэр профнастилкIэ щIаупфэнущ. Школым и Iэтащхьэ Риттэ абы къэзыгъэлъагъуэ. Нэхъапэм къэдгъэсэбэпу, ди щIэблэр зэрыдгъасэу щыта Iэмалхэр нобэрейхэм яхэзэгъэжьынукъым. Зэманым зехьэжь, абы дэщIыгъуу захъуэж щIыхуэхэм.

● Гъэсэныгъэ

Узэгугъур - къогугъуж

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм къызэригъэпэща Граждан - патриот клубым «стIол хъурей» иригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ щIэблэр хэкуэсу, дуней еплъыкIэ тэмэм яIэу гъэсэным.

ЗэIущIэм кьрихьэлIащ юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент **Тэн Тимур,** психологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Кьагъырмэс Лаурэ,** психологие щIэныгъэхэм я кандидат, университетым и доцент **Багъ Римма,** Жьлагъуэ палатэм хэт, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ нэхъыжь **Шыпш Аслъэн,** КъБКъУ-м и студентхэм я советым и Iэтащхьэм и къудзэ **Ногеровэ Оксанэ,** КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI **Бищу Руслан**, КъБР-м и кьалэхэмрэ районхэмрэ щыIэ парт къудамэхэм я Iэтащхьэхэр, студентхэр, аспирантхэр.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ клубым и унафэщI, КъБКъУ-м и юридическэ факультетым и унафэщI **ГъукIэпщокъуэ Мурат**.

- Мыпхуэдэ зэIущIэхэр сэбэпщ партыр зи ужь ит Iуэхуэм нэхъыбэ кьызэщIабубыдэнымкIэ, клубым хэтхэм зауэныкIэ, зым адрейм и щыуагъэр иIьагъуэкIуэ ди лэжьыгъэр нэхъ купщафIэ хъунымкIэ, - жиIащ ГъукIэпщокъуэм.- ЩIэх-щIэхыуэр кьызэдгъэпэщ зэхуэсхэм гъащIэм кьыщыхъуэ Iуэху зэхуэмыдэхэр щызэпкърыдох, дызыгъэпIейтейр щыпсыпIащ щIалэхъэхэр ди унафэщIхэм я деж ныдогъэс. КъэтIэт Iуэхум ельытауэ абы фIыуэ хэзыщIыкI щIэныгъэлIхэр, Iэщ IагъэлIхэр кьыдогъэблагъэ, абыхэм я чэнджэщхэр кьыдолытIэ. Нобэ дызытепсэлъыхьыжьнур къытщIэхъуэ щIэблэр хэкуэпсу, кьызыхэкIам лъагъуныгъэ хуэIэу кьэдгъэхъуным папщIэ тщIапхъэхэрщ. Мы Iуэхур къетхъжьэнымк щхьэсусыгъуэ Iуэхъуар Урысей Федерацым и Президенту Краснодар дэс щIалэгъуалэм щахуэзам щIэблэм я хэкур фIыуэ егъэлъагъунымк, пщIэ хуащIу егъэзэнымк щыхьэнэ нэхъыбэ етыпхъэу зэрыжиIаращ.

КъыхэгъэщIапхъэщ мы Iуэхум нэхъ-р нэхьапIэ дэтхэнэ зы щыхуэм дежкIи зэрыщымтэр. Сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, дэ балигъхэм ди пщэ кьыдохуэ къытщIэхъуэ щIэблэм къыщыхъуа унагъыэр, кьызыхэкIа пэнкъыр, кьыщатъуа кьуажэр, зэрыс республикэр, кьэралыр фIыуэ егъэлъагъуныр. Нэхъапэм кьэдгъэсэбэпу, ди щIэблэр зэрыдгъасэу щыта Iэмалхэр нобэрейхэм яхэзэгъэжьынукъым. Зэманым зехьэжь, абы дэщIыгъуу захъуэж щIыхуэхэм.

● Бахьсэн куей

Гукъыдэжыр псом ящхьащ

Бахьсэн кьадэм дэт курыт адэжьмIэ №1-м къарита пэщым щагъэкIуэкI. ЕтIуанэ гуэдзэм жэпуэтхэм и пэщIэдэзэм еджэн щIадзэнущ.

«Иджыпсту щыщIэдзауэ къэтщтэфыну бжыгъэр ирикъуащ. АдэкIэ ди мурадщ зэрытхуэзэфIэкIкIэ ди компьютер техникэр едгъэфIэжIуэну. Класс пэщи дяпэкIэ къызэрыдгъэмэщIэжкIынур нэрылъагъу кьэхъуащ», - жеIэ АфIэунэм.

ЖАНХЪУЭТ Зуз.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-из нап.).

«Энергетикэ IэнатIэ зэгуэтым и системнэ оператор» ОАО-м и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ диспетчер управленэм и къудамэм и унафэщI **Ладан Константин** зэпкърыхауэ кьытеувыIащ электроэнергетикэм зэрызнужьыным и схемэхэмрэ и программэхэмрэ гъахьэзэрынымикIи къэщтэным хуэунэтIауэ ситуацэхэм зэпеуэратым рэ щIыпIэ унафэр зезыгъаКIуэ Iуэхущ Iапl эхэмрэ зэрызэдэлэжьапхъэм и Iуэхукъэ Урысей Федерацым и Правительствэм кьищта унафэхэм нэхъыщхьэу щыубыдыхахэм. Апхуэдэщ электрокъарум щIэупщIэу зэпкърыхьэм, кьалэжьыныгъэ кьагъэсэбэпныгъэ зыхуэдизынур, ящхуну я мурад строительствэ теуха хъыбархэмкIэ зэрызэхуэзжыну щыкIэр, нэгъэщI куэдкэри.

- ЩIыналъэхэм электроэнергетикэм я инвестицэ программэхэр щагъэхьэзыркIэ, ахэр зэрызэхуагъэкIуэну Iэмалхэр, уасэхэр щагъэбелджылыкIэ, лъэныкъуэ псори кьэхьытэн, проектэ организацэхэр кьешэлIэн, электроэнергетикэ жьмплекслым зегъэужьыныным теухуа политикэр зэIуу егъэкIуэкIын куейщ, - кьигъэлъэгъуащ Ладан Константин.

Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ кьэрал комитетым и къудамэм и унафэщI **Камарзаев Эдуард** зэIущIэм щызэпкърихащ «2012 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым электроэнергиэм кьызэрыщыдагъэхъэнур, кьыт фейдэм зэрыщыхагъэхъэнур- республикэ программэ хэхар гъэзэщIа зэрыхъур. Абы зэрыжиIамкIэ, мы Iуэхур гугъэсыгъуэ щокIуэкI. Кьаащтэмэ, бюджет IэнатIэхэм я псэуалъэу республикэ мыхьэнэ зиIэхэм я щыткIэр кьэпщытэным мы гъэм сом мелуан 15,9-рэ хухахьи хуеяти, иджыри кьызэдэсым зыри яIэрыхьакъым. Апхуэдэ обьектхэм хьыхьэхэр ягъэбелджылащ, кьэрал зэгурыIуэныгъэм и проектыр ягъэхьэзырыну. ЩIыналъэхэр токыр кьыщIэральытэ IэмэпсымэмкIэ Iуэхущ Iапl эхэр кьаэрыхуэзгъэпэщар процент 58-кIэщ.

- Мы Iуэхум хуэаха сом мелуани 10-м щыщу зыри кьызэрытIэрымыхьам кьыхэкIыу, яхутедгъэувэфар счетчик 496-рэщ. Зэманым кьемыщIэщыж электроламп-тэр иригъэкIыжынкъым. Бюджет IэнатIэхэм кьагъэсэбэп псы щыIэмрэ газымрэ зыхуэдизыр кьызэрагъэщIыгъэ Iэмэпсымэхэр яхутегъуэвэнри а щхьэхуэсугъуэм кIыхьлIыхь ещI. Арами, республикэм и бюджет Iуэхущ Iапl эхэм электроэнергетикэм зыщIегъэужьыным хуэунэтIауэ мы зэманым зэфIагъэкIкIэ **Гъубокъуэ Юрэ** и псалъэр триухуащ республикэм электроэнергетикэм зыщIегъэужьыным хуэунэтIауэ мы зэманым зэфIагъэкIкIэмрэ кьапщыт кьаIэнэхэмрэ.

- 2010 - 2012 гъэхэм лэжьыгъэ хъарзынэ кьетхъэлIащ. Кьапщтэмэ, киловатти 110-рэ зрикIуэ ток кIапсэу километр 12,5-рэ, киловатти 6 - 10 кьыщагъэсэбэп линэу километр 42,8-рэ, киловатт 0,38-м ейуэ километри 13,2-рэ зэдгъэпэщыкIащ, «Соцкъалэ», «Прохладнэ-I», «Ново-Ивановскэ», «Къэщкъэтау», «Старэ Iэскэн», «Партизанскэ», «Долинск», «Телемеханика», «Искож» подстанцэхэр зыхуэят куэдгъэзащ, адрентIым - «Дубки»-мрэ «Палышк»-мрэ - идкъыпсту дожлэжь. Республикэм и щыхьэрым и кьалэ кIуэщ электросетхэм гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ. Псалъэм папщIэ, киловати 6 - 10-м тещIыхьауэ Палышк щыдгъуэну ди мурад электролинэхэр ток гуэшынпIэ пунктхэмрэ я проектым мыльку кьыхуэдгъуэтын хуейщ, - кьигъэлъэгъуащ кьэпсэлъам. - ХьэблэщIэхэм кIапсэхэр щыдгъуэгъуэжьынрэ зэрыщIыхьащ. Ар 1992 гъэм и щыщхьэм кьызэIуахауэ щыта, - жиIащ Кучмезовым. - Илъэс 20-м кьриубыдэу ди республикэм щыIэ зэгуэхьэныгъэм и щIэми, и кьалэнхэми куэдрэ захъуэжащ, лэжьыгъэщхэр зэрымыгъэкIуэкIа зэманым кьызыхуихуащ. 2011 гъэм щIэрыщIэу кьызэрагъэпэщыжащ ди республикэм щыIэ сокIуэ. Абы льандэрэ кьалэхэми районхэми лэжьыгъэхэр нэхъ щаублэжащ. Ди союзым хэт куэдым зэрахъа лIыгъэм папщIэ УФ-м и медалхэр, орденхэр кьаратащ, абыхэм хуабжьу дрогушхуэ.

Кучмезовым игу щIэнэкъуэхэм ящыщу кьыхигъэщащ Чернобыль щыхэIуэда ди хэкуэгъуэхэм я фэепль иджыри кьызэдсым ди республикэм зэрыщамыгъэувар, икIи зэIуIэр кьигъэсэбэпри, кьулыкъущхэм зэхуигъэзащ ар ягъэзэжIуэжыну.

ЗэIущIэм кьрихьэлIа псоми екъуэхэри, КъБР-м и Парламентым кьыбгъдэкI фIэхъус псальэхэм кьеджащ Хьэщхьужь Татьянэ. Псалъэ гуапэхэмкIэ махуэщхуэр зейхэм зыхуагъэзащ Пащты Борисро Канунниковэ Татьянэрэ икIи сыт щагъуи ядэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр кьыхагъэщащ.

КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгуэхьныгъэхэм я дэлэжьхьныкIэ и кьэрал комитетым и щIыхь тхылъыр иратащ Жыгун Назирэ Кучмезов Алийрэ, ветеранхэм я жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и лъэныкъуэ къызэрыщыхьэрэ зэрыхъуэ папщIэ. «Чернобыль» союзым хэтхэм хуагъэфэщащ махуэшхуэм и щIыхькIэ ягъэува щIыхь дамагъэр.

Налышк кьалэ дэт Гъуэзджэкъ сабий еджапIэ №5-м и гъэсэнхэм - уэрэджэкIакIуэ, кьэфакIуэ ныбжьыщIэхэм - зэIущIэр агъэдэхащ.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замир.

Пащты Борис *(ижьымкIэ щытщ)* **тыгъэхэр ет.**

ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ зыхэлъхэр

● ЗэIущIэхэр

«Чернобыль» союзыр КъБР-м къызэрыщыхэзгъэгъэпэщрэ илъэс 20 зэрырикъур Налышк кьалэ дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щагъэлъэпIащ. 1992 гъэм Чернобыль АС-р кьызэрыуам кьыхэкIа гуэзэгъэр щыхуэзам ящхьэщыхьным зи гъащIэ емыблэжу пэщIэтэхэм ящыщщ КъБР-м икIа щIыху 2500-ри, абыхэм ящыщу идкъы псэужьр 850-рэ кьудейщ. Ахэр зыхэт союзым и лIыкIуэхэр щызэхуэса зэIущIэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и депутат, ЩIалэгъуалэ политикэмрэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэмкIэ комитетым и унафэщI **Хъэщхьужь Татьянэ,** КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгуэхьныгъэхэм я IуэхухэмкIэ кьэрал комитетым и тхьэмадэ **Пащты Борис,** «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и секретарь **Канунниковэ Татьянэ**, министерствэхэм, ведомствэхэм, гъунэгъу республикэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м щыIэ «Чернобыль» союзым и Iэтащхьэ **Кучмезов Алий** кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ кьызэрызрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 20 ирикъу зэгуэхьныгъэм и Iуэху зыIутым, абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм.

- Урысей псор кьапщтэмэ, «Чернобыль» союзым и кьудамэхэр хэгъэгу 72-м щолажьэ. Ар 1992 гъэм и щыщхьэм кьызэIуахауэ щыта, - жиIащ Кучмезовым. - Илъэс 20-м кьриубыдэу ди республикэм щыIэ зэгуэхьныгъэм и щIэми, и кьалэнхэми куэдрэ захъуэжащ, лэжьыгъэщхэр зэрымыгъэкIуэкIа зэманым кьызыхуихуащ. 2011 гъэм щIэрыщIэу кьызэрагъэпэщыжащ ди республикэм щыIэ сокIуэ. Абы льандэрэ кьалэхэми районхэми лэжьыгъэхэр нэхъ щаублэжащ. Ди союзым хэт куэдым зэрахъа лIыгъэм папщIэ УФ-м и медалхэр, орденхэр кьаратащ, абыхэм хуабжьу дрогушхуэ.

Кучмезовым игу щIэнэкъуэхэм ящыщу кьыхигъэщащ Чернобыль щыхэIуэда ди хэкуэгъуэхэм я фэепль иджыри кьызэдсым ди республикэм зэрыщамыгъэувар, икIи зэIуIэр кьигъэсэбэпри, кьулыкъущхэм зэхуигъэзащ ар ягъэзэжIуэжыну.

ЗэIущIэм кьрихьэлIа псоми екъуэхэри, КъБР-м и Парламентым кьыбгъдэкI фIэхъус псальэхэм кьеджащ Хьэщхьужь Татьянэ. Псалъэ гуапэхэмкIэ махуэщхуэр зейхэм зыхуагъэзащ Пащты Борисро Канунниковэ Татьянэрэ икIи сыт щагъуи ядэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр кьыхагъэщащ.

КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгуэхьныгъэхэм я дэлэжьхьныкIэ и кьэрал комитетым и щIыхь тхылъыр иратащ Жыгун Назирэ Кучмезов Алийрэ, ветеранхэм я жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и лъэныкъуэ къызэрыщыхьэрэ зэрыхъуэ папщIэ. «Чернобыль» союзым хэтхэм хуагъэфэщащ махуэшхуэм и щIыхькIэ ягъэува щIыхь дамагъэр.

Налышк кьалэ дэт Гъуэзджэкъ сабий еджапIэ №5-м и гъэсэнхэм - уэрэджэкIакIуэ, кьэфакIуэ ныбжьыщIэхэм - зэIущIэр агъэдэхащ.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замир.

Щ ы т ы к I э р щ ы з э п к ъ р а х

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-из нап.).

«Энергетикэ IэнатIэ зэгуэтым и системнэ оператор» ОАО-м и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ диспетчер управленэм и къудамэм и унафэщI **Ладан Константин** зэпкърыхауэ кьытеувыIащ электроэнергетикэм зэрызнужьыным и схемэхэмрэ и программэхэмрэ гъахьэзэрынымикIи къэщтэным хуэунэтIауэ ситуацэхэм зэпеуэратым рэ щIыпIэ унафэр зезыгъаКIуэ Iуэхущ Iапl эхэмрэ зэрызэдэлэжьапхъэм и Iуэхукъэ Урысей Федерацым и Правительствэм кьищта унафэхэм нэхъыщхьэу щыубыдыхахэм. Апхуэдэщ электрокъарум щIэупщIэу зэпкърыхьэм, кьалэжьныгъэ кьагъэсэбэпныгъэ зыхуэдизынур, ящхуну я мурад зэрагъэхъуэжыну щыкIэр, нэгъэщI куэдкэри.

- ЩIыналъэхэм электроэнергетикэм я инвестицэ программэхэр щагъэхьэзыркIэ, ахэр зэрызэхуагъэкIуэну Iэмалхэр, уасэхэр щагъэбелджылыкIэ, лъэныкъуэ псори кьэхьытэн, проект организацэхэр кьешэлIэн, электроэнергетикэ жьмплекслым зегъэужьыным теухуа политикэр зэIуу егъэкIуэкIын куейщ, - кьигъэлъэгъуащ Ладан Константин.

Тарифхэмрэ энергетикэмкIэ кьэрал комитетым и къудамэм и унафэщI **Камарзаев Эдуард** зэIущIэм щызэпкърихащ «2012 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым электроэнергиэм кьызэрыщыдагъэхъэнур, кьыт фейдэм зэрыщыхагъэхъэнур- республикэ программэ хэхар гъэзэщIа зэрыхъур. Абы зэрыжиIамкIэ, мы Iуэхур гугъэсыгъуэ щокIуэкI. Кьаащтэмэ, бюджет IэнатIэхэм я псэуалъэу республикэ мыхьэнэ зиIэхэм я щыткIэр кьэпщытэным мы гъэм сом мелуан 15,9-рэ хухахьи хуеяти, иджыри кьызэдэсым зыри яIэрыхьакъым. Апхуэдэ обьектхэм хьыхьэхэр ягъэбелджылащ, кьэрал зэгурыIуэныгъэм и проектыр ягъэхьэзырыну. ЩIыналъэхэр токыр кьыщIэральытэ IэмэпсымэмкIэ Iуэхущ Iапl эхэр кьаэрыхуэзгъэпэщар процент 58-кIэщ.

- Мы Iуэхум хуэаха сом мелуани 10-м щыщу зыри кьызэрытIэрымыхьам кьыхэкIыу, яхутедгъэувэфар счетчик 496-рэщ. Зэманым кьемыщIэщыж электроламп-тэр иригъэкIыжынкъым. Бюджет IэнатIэхэм кьагъэсэбэп псы щыIэмрэ газымрэ зыхуэдизыр кьызэрагъэщIыгъэ Iэмэпсымэхэр яхутегъуэвэнри а щхьэхуэсугъуэм кIыхьлIыхь ещI. Арами, республикэм и бюджет Iуэхущ Iапl эхэм электроэнергетикэм зыщIегъэужьыным хуэунэтIауэ мы зэманым зэфIагъэкIкIэмрэ **Гъубокъуэ Юрэ** и псалъэр триухуащ республикэм электроэнергетикэм зыщIегъэужьыным хуэунэтIауэ мы зэманым зэфIагъэкIкIэмрэ кьапщыт кьаIэнэхэмрэ.

- 2010 - 2012 гъэхэм лэжьыгъэ хъарзынэ кьетхъэлIащ. Кьапщтэмэ, киловатти 110-рэ зрикIуэ ток кIапсэу километр 12,5-рэ, киловатти 6 - 10 кьыщагъэсэбэп линэу километр 42,8-рэ, киловатт 0,38-м ейуэ километри 13,2-рэ зэдгъэпэщыкIащ, «Соцкъалэ», «Прохладнэ-I», «Ново-Ивановскэ», «Къэщкъэтау», «Старэ Iэскэн», «Партизанскэ», «Долинск», «Телемеханика», «Искож» подстанцэхэр зыхуэят куэдгъэзащ, адрентIым - «Дубки»-мрэ «Палышк»-мрэ - идкъыпсту дожлэжь. Республикэм и щыхьэрым и кьалэ кIуэщ электросетхэм гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ. Псалъэм папщIэ, киловати 6 - 10-м тещIыхьауэ Палышк щыдгъуэну ди мурад электролинэхэр ток гуэшынпIэ пунктхэмрэ я проектым мыльку кьыхуэдгъуэтын хуейщ, - кьигъэлъэгъуащ кьэпсэлъам. - ХьэблэщIэхэм кIапсэхэр щыдгъуэгъуэжьынрэ зэрыщIыхьащ. Ар 1992 гъэм и щыщхьэм кьызэIуахауэ щыта, - жиIащ Кучмезовым. - Илъэс 20-м кьриубыдэу ди республикэм щыIэ зэгуэхьныгъэм и щIэми, и кьалэнхэми куэдрэ захъуэжащ, лэжьыгъэщхэр зэрымыгъэкIуэкIа зэманым кьызыхуихуащ. 2011 гъэм щIэрыщIэу кьызэрагъэпэщыжащ ди республикэм щыIэ сокIуэ. Абы льандэрэ кьалэхэми районхэми лэжьыгъэхэр нэхъ щаублэжащ. Ди союзым хэт куэдым зэрахъа лIыгъэм папщIэ УФ-м и медалхэр, орденхэр кьаратащ, абыхэм хуабжьу дрогушхуэ.

Кучмезовым игу щIэнэкъуэхэм ящыщу кьыхигъэщащ Чернобыль щыхэIуэда ди хэкуэгъуэхэм я фэепль иджыри кьызэдсым ди республикэм зэрыщамыгъэувар, икIи зэIуIэр кьигъэсэбэпри, кьулыкъущхэм зэхуигъэзащ ар ягъэзэжIуэжыну.

ЗэIущIэм кьрихьэлIа псоми екъуэхэри, КъБР-м и Парламентым кьыбгъдэкI фIэхъус псальэхэм кьеджащ Хьэщхьужь Татьянэ. Псалъэ гуапэхэмкIэ махуэщхуэр зейхэм зыхуагъэзащ Пащты Борисро Канунниковэ Татьянэрэ икIи сыт щагъуи ядэIэпыкъуну зэрыхьэзырыр кьыхагъэщащ.

КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгуэхьныгъэхэм я дэлэжьхьныкIэ и кьэрал комитетым и щIыхь тхылъыр иратащ Жыгун Назирэ Кучмезов Алийрэ, ветеранхэм я жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и лъэныкъуэ къызэрыщыхьэрэ зэрыхъуэ папщIэ. «Чернобыль» союзым хэтхэм хуагъэфэщащ махуэшхуэм и щIыхькIэ ягъэува щIыхь дамагъэр.

Налышк кьалэ дэт Гъуэзджэкъ сабий еджапIэ №5-м и гъэсэнхэм - уэрэджэкIакIуэ, кьэфакIуэ ныбжьыщIэхэм - зэIущIэр агъэдэхащ.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замир.

● Кавказ Ищхьэрэм

Псыхуабэ (Пятигорск). Мэшыкъуэ бгым и тепльэ.

Илъэс 200 и пэкIэ къэхъуам щагъэгъуазэ

1812 гъэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм Урысейм текIуэныгъэр кьыззэрыщихьэр илъэс 200 зэрырикъур зэрагъэлъапIэм зэуэнэтIауэ УФ-м Тезырхэр ирегъэхьэкIыныжкIэ и федеральнэ кьулыкъуэ и Iуэхущ Iапl эу Iэнатlэхэм щекIуэкIащ тезырыр езыхьэкIхэм хэкумрэ абы илъ щэнхабзэмрэ пщIэ хущыным епха гъэсэныгъэ Iуэхуу-гъуэхэр.

ГЪЭСЭНЫГЪЭ лэжьыгъэмкIэ пэшхэм, бибиотекэхэм тезырыр зыгъэзэжьуэжхэм я кьаруркIэ кьыщыззэрагъэпэщащ 1812 гъэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лIыхьужьхэм я зэхуэмыдэ ятеуухуа лекцэ гъэщIэгъуэнхэр ирагъэкIуэкIащ. Прохладнэ краевед музеймрэ КъБР-м и щIалэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министерствэмрэ я лIыкIуэхэм Советскэм дэт колониемкIэ щрагъэкIуэкIа дерсым зауэм и купщIэ нэхъыщхьэхэм щытепсэлъыхьащ, абы щыIэ нобжьыщIэхэр 1812 гъэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и тхьцэм щагъэгъуэзащ. Ахэр ирагъэплъащ мы зауэм теухуа художественэ, документальнэ фильмэхэм.

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-Iуэхущ Iапl э.

Узэгугъур - къогугъуж

**«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм къызэригъэпэща Граждан - патриот клубым «стIол хъурей» иригъэк

Инджылыз усакIуэшхуэр адыгэ пщащэм тотхыхь

Байрон Джордж Ноэл Гордон *(1788 - 1824 гъэ.).*

Илъэси 188-рэ хъуащ Байрон Джордж дунейм зэрехыжрэ. Ауэ усакIуэшхуэм къыщIэна тхыгъэхэр нобэр къыздэсым щIэблэхэм зэIэпахыу ядж, сыту жыпIэмэ тхакIуэ уахътыншэм и IэдакъэщIэкIхэр зи щIэныгъэгъэр имыкIыщи. Байрон и усыгъэр романтизмэм и лъэхъэнэм быдэу пыщIащ. А зэманым зэрыпхъуакIуэхэм Алыджымрэ Италиемрэ къыIэщIагъэкIыжьын папщIэ ирагъэкIуэкIа зэщIэхъеенымгъэ инджылыз усакIуэри хэтащ. Абы зэкIэтлъхьэжьку итхащ драмэ поэмэ зыбжанэ: «Джаур» (1813), «Абидос нысащIэ» (1823), «Корсар» (1814), «Ларэ» (1814). А тхыгъэхэращ цIыхухэм я гум дыхьэ романтикэ лIыхъужьмэ и образыр щызэфIэувар. ЛIыхъужьым и хьэл-щэныфIкIэр усакIуэм зэрыдигъэлъагъур зытепсэлъыхьым щыгъхъупсыр кIыригъэжэхьурэкъым, атIэ и IэхъущIафэхэмкIэщ. Абы нэхъ и щыхьэт наIуэхэм ящыщи «Джаур» поэмэр. ЗэрыпхъуакIуэхэм я залымыгъэмрэ щхьэзыфIэфIныгъэмрэ кьагъэублэщ щыналъэ дахащэм (Алыджым) щызэрахьэ щIэпхъаджагъэхэр дэзыгъэлъагъу сатырхэмкIэ кьыщIедзэ тхыгъэм.

Къурш ауэ щIэращIэхэм щыпсэу цIыху мамырхэр игъащтэу ныбжь шынагъуэ щIэплъхьпIэм къыщолъагъуэ. Ар зэрыпхъуакIуэ гъэпщыкIакIуэхэмкIэ игъэлъагъуэ щыIэхэми я дежкIэ хамэщ. УсакIуэм абы фIища Джаурым хьэрыпыбзэкIэ кIыкIыр Алыхьыр зи фIэщ мыхьу жиIэу аращ. Апхуэдабзэри псальэм хьунщIакIуэ, дин тэмэм имыт, лIыыкI мыхьэнэхэри кьратъэкI хъуащ.

«Джаурым» и лIыхъужьыр жьылагъуэм щызэкIуэ зэхуэмыгъэдзэныгъэхэм, залымыгъэм, цIыхур гъэпудыным я бинуэ кьоув. Ар хущIокъу зи цIыхугъэмрэ нэмысымрэ хаутам илъ ищIэжьыну. ЛIыхъужьым и хьэл-щэныфIкIэр хъуну Iэуху мыхьэнэшэхэр кьэлъхьыхъэныр аракьым япэ игъэщIапхъэр, атIэ псэм и кьабзагъэмрэ лъагъуныгъэмрэ хьумэныгъэ щыIэкIыхьэ. «Джаурым» щекIуэкI Iуэхугъуэхэр кьыщIихъуу усакIуэм дигъэлъагъур Алыджым и лъахэ зэхакъутарщ, ауэ Кавказым щекIуэкIа лъапсэрых зауэхэрэ и кьымыгъэкIыжу кьанэркъым инкIи, щэчыншэу, ар усакIуэм ирехьэлIэ шэрджэсхэр зыхэта бэлыхьхэмэ.

Байрон дегъэльагъу чристэным Iэщ1экIуэда тырку Хьэсэн и чэщанэ уардэу зэгуэр гъащIэр кьыщикъуэтыкIыу щыгъам игъуэта тепльэр. Чэщанэм и хэгъэрейр зэраукIрэ мыбы дэрэжэгъуэри Iэуэльауэри дэкIуэдыкIри псори зэщIэщымащ.

ГъэщIэгъуэнщ и блыгущIэтхэр зи гъуэ тырку къуалейм кхъуафэжьейзехуэр пщIэкIэ къыщицтэ тепльэгъуэр. Тыркум кхъуафэжьейзехуэм унафэ хуещ илыир зищIысыр зэкIэ мыгугъуIуэгъуэ къэп хьэльэр тенджыным триншэу псым хидзэну. Къэпым илъыр щэрджэс пщащэ тхъэIухэд Лейлэт, ауэ усакIуэм зэкIэ кьыгхуиIуатэр- кхым пщащэр хэтми тезыр щIыгралъхьа гуэныхьыр зищIысри.

ФыщIу илъэгъуа щхьэгъуэсэм хуиIа лъагъуныгъэмрэ абы трипльха тезыр егъэлеямрэ зи гум изымыгъэхужыф Хьэсэн гъащIэм хилъэгъужыр и гужьгъэжьыр и бий кIэруфIыцI Джаурым тригъэпщэхэныцI. Зэгуэрым чэрэуным щыгугъу ар бгы щхьэдэхьпIэм зэпрыкIа къудейуэ, гъэпщкIуауэ мэз гъуейм къащIэнэтыса хьунщIакIуэхэм яIуоуэ инкIи я Iэтащхьэр зи щхьэ кьиIльыхъуэ джаурыр зэрыарар кьыщилъагъум, тIуми лIэнкъэнэну зыIэрадз. Джаурым Хьэсэныр еукI, ауэ зэгъапIэ зымыгъуэтыж псэр фIыуэ илъэгъуам хуэзэщIэ закъуэныгъэм игъэхыщIэу дунейм къытонэж.

Лъапкъи къупщхьи зимыIэ жьыхуаIэм хуэдэр чристэнхэми къамыдзкIэ блэкIа зэманым хуэзэщ зэпыту, езым и хамэ муслымэн лъахэм кьинащ. Щыхухэм кьадекIуэкI нэщэнэхэм тепщIыхьмэ, абы и псэр гъыиф ещIыр, Имыщ1эу нэхъ зытегушхуэнур - Гъуэгум пищэн е кьигъэ ещIыр, Кьоущыщыр и шыр, хэлъу губжьыр, Ешауэ, щууей унафэм екIэр. ЛIыр щыльэIэсым ибг илъ сэшхуэм, Зы къару гуэрым кьегъэгушхуэ; Жьынду макъ жагъуэрн кьоIусри ЗекIуэлIыр кьыхенщыж гупсысэм. ЩыгъэщIывыр хикъуэзу щым и джабэм Зречри, дегъэзыкIыр щхьэхьу джабэм. КьыпфlэщIыну ядзауэ аркъэну, Кьыдохутэр и щыбагъ ар къыр пщIанэм. ЗэIухауэ и чристэн гъущI тажьр, Iуэльауэнэшэу и гъуэгум пещэжьир. Жьщым хIуцIыжжкъым шы лъэ макъыр. ИкIи къысфощIыр а меданым Игу къэкIыжауэ гъащIэ блэкIа - Лъыпскlэ кьипсыхьхэуэр зэманым, Бэныхьу кьызэранэкIар. Куэд щIауэ псэм щигъафlэ лъагъуныгъэр Кьытегуплlэжмэ цIыхум зэуэ, Губжь гъэтIылъам кьретыжыр лIыгъэ, Псэр хуриджэжу лъыщIэж зауэм, Апхуэдэм деж блэкIа лIэщIыгъуэу КIуар ещхьу напIэрахьеигъуэм, Кьыптогуплlэжри нэщхьеягъуэу, Гурыфlыгъуэнщэу уегъэщыгъэ. Арщхьэкlэ блокIыр а меданри, Шур егъэпщкIуэ аргуэру кIыфIым. Насыпынщагъэм иужьыгауэ, И закъуэу псэр кIуэжа ахърэтым, Е, нэгъуэщ гуэрхми егуауэ, Гъусэ щищIа и гъуэгу зытетым?! Кьыхуимыгъэгъуу и гуэныхьыр, И гур кьебгъа абы Алыхьым?! Гуэныхьым и унэхуэ чэщанэр Хуэхьэжащ кхъэлэгъунэ Хьэсэным. Щыгъуу гуэныхьлъам а чэщанэм Гууэ щIыIэми и лъэр кьыщIенэ. Апхуэдэу тафэм пхожьр борэныр, Сахуэ защIэу лъэужьу кьигъанэр... Кхъащхьэхъуэуэу еплъыкъ щыIуэ зэртIымщэхум Мащэм илъыр имыгъэплейтейуэ, И жейр ихьэмэу щытщ зимыгъэхьейуэ... ШыкIуртIымщэхум щигъэбатэм и псэм, Пэхъункъым, уеблэмэ, лам хущIагъэжI нэпсыр. Нэщхьейуэ шыхэрэ мэщыщыр, Ямыгъэжеиуэ тынщу жэщыр. Иджы чэщанэшхуэм унэIутхэр Щыплъагъужкъым зэхэзежэу, Унэр ябгынауэ псэ зыIутым, И гурдагъэр щыму мэужьыхьыжыр... Блын фагъуэм бэджым щыIэрахьэ я хъыр, КIэрыщIащ унащхьэм дзыгъуэнэфыр, И бзий щыIэм пшагъуэр кьыIэпхитхьыу, Зэ3эмыIэзэ кьыщеплъыхьэр уафэр. ЩIасэ цIыхубзкэм я лэгъунэ Хэтауэ кьыпхуэщIэжыркъым чэщанэм. Къэрэгъул плъапIэу щытам зэгуэрым Иджы жэщыбг жьындур кьыщогурымыр. ПщIанТIэм хьумакIуэу дзэтха Псы хуэлIэу псыкъэнй джабэм щощхьэукъуэр.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Кьыр лъабжьэм кIэщIэпщ лъагъуэ бгъуэзм Теуващ кьыдзэкIыну ауэым. КьыпикIухьри Iэ3эу щыхупIэм, Кьурш адрыщIым щыбзэхьжащ зэшэзэпIэу. Кьыщыпоплъэ шум щынагъуэр дэнэкIи, Ар щIолъагъуэ нэ губжьахэм я плъэкIэм, Жэщыбг вагъуэхэм я кхъблэкIэм. Ауэ занщIэу хьуакъым шур спэIэщIэ, Кьыжьэдэмкъуэри и шыр мащIэу, ХуэзэльыIуихьыу уафэм и нэгур, Зыкьытрпlэтыкlащ уанэгум. Мазэр кьахуоплъых кьырыщхьэ пщIанэм, Жьыжьэу кьыщоблэ мафlэм иц мэжджыгыр, Фочауэ макъхэм щIэх-щIэхьыу заIэтми, Кьахуэгъэушкъым мэз джэрпэджэжьыр, Рэмэзаным сэлам кьрехьыжри, Дыгъэ щыщафэм пшэм зыхегъэпщкIуэжьыр, ЩигъэкIуэтэжьым Рэмэзаныр Дин дауэдапщэм духьэшы Уэсмэныр Хэхуащ, щIиIэтэу гукъыдэжьыр. Ауэ, уэхт уэ гъэгурыкIуэ, уэ хэтхэ уэщыщыщыр Адрейхэм емыщхьу уи теплъи уи фащи? Хэт нобэ уи нэр зытеплъыз3эр? Уи шыщхьэр дэнкIэ зыдэбгъаэр? Ар щытащи щытщ... Зимыгъэхьей, Щынэщ щIэплъагъуэр нэ нэщхьейм. Ауэ, пэмыплъэхараэ зыIэзыбжьэу Кьызэщlегъаплъэри ар губжьым, Кьызэщlодие мывэ жауэ. Ханэ кьуапэм тIэкIу зытригъащIэу МащIэу прехьэхьыр и щхьэ пагэр, Хьэуа макъыншэр иудыныщIэу, Губжьауэ и Iэр ещIри ещIыр, Имыщ1эу нэхъ зытегушхуэнур - Гъуэгум пищэн е кьигъээну. Кьоущыщыр и шыр, хэлъу губжьыр, Ешауэ, щууей унафэм екIэр. ЛIыр щыльэIэсым ибг илъ сэшхуэм, Зы къару гуэрым кьегъэгушхуэ; Жьынду макъ жагъуэрн кьоIусри Зекlуэлlыр кьыхенщыж гупсысэм. ЩыгъэщIывыр хикъуэзу щым и джабэм Зречри, дегъэзыкIыр щхьэхьу джабэм. КьыпфlэщIыну ядзауэ аркъэну, Кьыдохутэр и щыбагъ ар къыр пщIанэм. ЗэIухауэ и чристэн гъущI тажьр, Iуэльауэнэшэу и гъуэгум пещэжьир. Жьщым хIуцIыжжкъым шы лъэ макъыр. ИкIи къысфощIыр а меданым Игу къэкIыжауэ гъащIэ блэкIа - Лъыпскlэ кьипсыхьхэуэр зэманым, Бэныхьу кьызэранэкIар. Куэд щIауэ псэм щигъафlэ лъагъуныгъэр Кьытегуплlэжмэ цIыхум зэуэ, Губжь гъэтIылъам кьретыжыр лIыгъэ, Псэр хуриджэжу лъыщIэж зауэм, Апхуэдэм деж блэкIа лIэщIыгъуэу КIуар ещхьу напIэрахьеигъуэм, Кьыптогуплlэжри нэщхьеягъуэу, Гурыфlыгъуэнщэу уегъэщыгъэ. Арщхьэкlэ блокIыр а меданри, Шур егъэпщкIуэ аргуэру кIыфIым. Насыпынщагъэм иужьыгауэ, И закъуэу псэр кIуэжа ахърэтым, Е, нэгъуэщ гуэрхми егуауэ, Гъусэ щищIа и гъуэгу зытетым?! Кьыхуимыгъэгъуу и гуэныхьыр, И гур кьебгъа абы Алыхьым?! Гуэныхьым и унэхуэ чэщанэр Хуэхьэжащ кхъэлэгъунэ Хьэсэным. Щыгъуу гуэныхьлъам а чэщанэм Гууэ щIыIэми и лъэр кьыщIенэ. Апхуэдэу тафэм пхожьр борэныр, Сахуэ защIэу лъэужьу кьигъанэр... Кхъащхьэхъуэуэу еплъыкъ щыIуэ зэртIымщэхум Мащэм илъыр имыгъэплейтейуэ, И жейр ихьэмэу щытщ зимыгъэхьейуэ... ШыкIуртIымщэхум щигъэбатэм и псэм, Пэхъункъым, уеблэмэ, лам хущIагъэжI нэпсыр. Нэщхьейуэ шыхэрэ мэщыщыр, Ямыгъэжеиуэ тынщу жэщыр. Иджы чэщанэшхуэм унэIутхэр Щыплъагъужкъым зэхэзежэу, Унэр ябгынауэ псэ зыIутым, И уардагъэр щыму мэужьыхьыжыр... Блын фагъуэм бэджым щыIэрахьэ я хъыр, КIэрыщIащ унащхьэм дзыгъуэнэфыр, И бзий щыIэм пшагъуэр кьыIэпхитхьыу, Зэ3эмыIэзэ кьыщеплъыхьэр уафэр. Щасэ цIыхубзкэм я лэгъунэ Хэтауэ кьыпхуэщIэжыркъым чэщанэм. Къэрэгъул плъапIэу щытам зэгуэрым Иджы жэщыбг жьындур кьыщогурымыр. ПщIанТIэм хьумакIуэу дзэтха Псы хуэлIэу псыкъэнй джабэм щощхьэукъуэр.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Гукъэкlыжхэм кьыскуашэж зэшыр
Кьыстогуплlэж жэщ пхыплъыплlэнщэу,
Сифlми си Iейми щхьэщыльщ зызигъэухуэу.
Iейм3э фlымрэ зэблэкIми гъуэрыгъуэу,
Зэхъуэкlыныгъэ гуэр ягъуэту хэзмылъагъуэ.
Т. Мур

Эсквайр Роджерс Самюэл деж

Уи зэчиймрэ псэ кьулеигъэмрэ зэригъэльапIэм, уи ныбжьэгъугъэм хуэсщI пщIэм я щыхьэту мы тхыгъэр тыгъэ кьыпхуещI уэ пхуэпэж Байрон.

Лондон, 1813 гъэ, накъыгъэ мазэ

ПСАЛЪЭПЭ

Пычыгъуэ зэхэдзауэрэ зэхэль мы хьыбарым кьиIуэтэжьым и лъабжьэр цIыхубзыр пасэм зэрыщытам ельытауэ нэхъ сакъ зэрыхьуам, е чристэнхэм я насыпи нэхъ кьыIэрихьым, е я хэльэтыр зэрынэхъ мащIэм кьыхьэкIыу - ди зэманым КьуэкIыпIэм куэдрэ узыщыхуэмызэж кьэхьуа Iуэхущ. Хьыбарым зэрыщыту кьызэщIнубыдэн хуеят зи щхьэ хуимыгъыж, и епщIыжьныгъэм папщIэ мусльымэн хабзэм тету тенджызым хадза икIи а цIыхубзыр фIыуэ зыльэгъуа венецианэ щIалэм лъы зэрищIэжьым теухуа хьыбарыр. Iуэхур кьыщыхьуа лъэхьэнэр ХьитIыгуплlыр Венецием и унафэм щыщIэта, урысхэм я ужьыIэ зыкьомрэ яхьунщIа Морейм , арнаутхэр зэрырахужрэ куэд дэмыкIауэщ. Мизитрэр майонетхэм ирамыгъэхьунщIэу лъэныкъуэ зэрырагъэзар урысхэм зэран яхуэхьуащ Морейм ебгъэрыкIуэнымкIэ икIи а лъахэм псомэ щызэрахьа залымыгъэмрэ гущIэгъуныщагъэмрэ хуэдэ дунейм зэрыщымыIам щыхьэт тохьуэ, уеблэмэ чристэн тхыдэтхъэрэ.

Iэуэльауэнщэщ... Толькъуэнхэр джальэу Жьэхэльэркъым псы Iуфэ зэпыкъ задэм. Афин лIыхъужьым и фэеплъыр Сыну кьоплъыхыр кьырым уардэу, Иргу нобэ кьигъэкIыжу хэку мамырым Зауэшхэу щекIуэкIахэм я хьыбарыр. Хым кхьухь жьыхур хохужьыкIыр техуэрэзыхьу, Гуфlэ фlэхьуэсыр фэеплъым кьыхуигъэхьу. Идджыри зэгуэр кьалъхункIи хьуну ЛIыхъужь, апхуэдэу хэкур ихьэмэну? .....

Лъахэ тельыджэ, кьыпщимыхуэу и гур, Унгъафlэу ильэс псом кьыптолъэщIыхьыр гьатхэр,

Мывэ ду лъагэм и щхьэщыгум Тет гъуэгурыкIуэ ешар щыхэплъэкIэ уи лъахэм, Насып гуфlэгъуэр кьылыдыкIыу нэгум, Ныкьуэкъуэгъунщэу зегъэпсэхур и псэм, Кьырыщхьэ суратхэр зэщIэсысэу Тосыкl и гуджэ щхьэфэм тенджызыпсым. Зыкьрахыныр яфlэмыигъуэджэу, Кьуршхэр пагэу йопльэ тенджызы гъуджэм, Тенджызри, щымысхьыжу пльыфэм, Налкъутналмэсхlэ зэщIэльащIэу мэуфафэ, Кьухьэпlэм и жэнэт щыналъэм И толькъун Iэлхэм Iэ ядильэу, Зз3эмызэ бгым кьежэх акъужьым Гъэгъаэхэр кьехьыр ильу и лЬэужьым, Гъэгъам кьыздрахьэх мэ гуакIуэр Хуэфlу щогъуэлъыкIыр джабэ я нэкIум, Сэтэнкlэр мэкъупIэм кьыщощхьэлъэ, Игъэдахэу нэхьри бгу пшынальэм. И макьыр жэщ мазэгъэуэм хигъэбжьахьэуу, Уэрэд нэщхьыфlэр кьыхидзам бзуущхьэуэм, Гурыщlэ Iэфlкlэр и псэм кьыпэщIащ, Сэтэнкlэр щIоIэ Iуэ хьэщыкъ хьуа пщащэу. Пшынальэм кьрикIут налкъутналмэсхи Уэлбанэр егъэкIуэд, егъэткIур уэсыр... Сэтэнеи закьуэрщ мэ гуакIуэкIэ Iущащэу Мы жэнэт лъахэм сыт щыгъуи щытепщэр. Лъхьэнпплми илъэс хьурейм Яхэткъым зыри ар кьэзыгъэбий. Удэ гъэгъам я гуащэ сэтэнкlэр Хуэсакьыпэу егъафlэ дунейм. Езыми, нэмысыкфlэу зигъэщхьэлъэу, И гъэгъаэхэр хуеиий уафэ пшэпльым. Уафэми, гъэгъам зыкьыхуеукъэбзэр, Удзымэ гуакIуэр зыжьэдешэр щызу... Уафэ гъунэншэм и жэнэт хадэм Щокlыр гъэгъа Iэджи зэхуэмыдзэу. Хьэщыкъ зэхуэхьуаэр щызэIущIэу Щыпlэ зэгъуэкIи абы и ешащIэу. Тенджызэ хьэнщIакIуэм и щхьэегъэзэпIэу Хы Iуфэм щыIэщ зыгъэпщкIупIи. ХьунщIакIуэм сакьыу кхъуафэжьейр Щегъэпщкlури джабэ задэ лъабжьэм, Бэщэчу пIалъэ гуэрым ёожьэ. КьигъэIуам борэным макъ шынагъуэр, Кьыщызэщlэнам уафэгум вагъуэр, Даущынщэ жэщым зыхиудыгъуэу, Щиупскlэу и кхъуафэжьейр толькъуным, ХьунщIакIуэр тохьэ и гъуэгуанэм, Зричмэ хуэщIакIуэм зыIэзыбжьэу... Борэн макъыр щIокIуэдэк гъз лъабжьэм. ГъэщIэгъуэнкъэ, мы жэнэт лъахэм Щыиэпсым егуГъупэу, щыгур игъэдахэу Щиухуа и уардэ унэр зыхуэфащэр Кьъгъэщlакlуэрщ, Тхьэхэр хуиту щызэхэзекIуэу. Ауэ фlэфIщи цIыху цIыкIум ныкьуэкъуэн, Ищ1у гъэгъаэр ищIу хэутэн, КIуэцIрокIри, щIэпщэу и щэдыжьым, Жэнэт лъахэм кьыхинжьыр яжьэщ... Ауэ итIани гъуэзэджэу мы щIыналъэр, Нэгъуэщlхэм я щIэгъэкъуэн пэмыплъэу, Кьыхотэджакьыкъжри яжьэ сахуэм, Дахагъэм и гъэгъар игъэIуамахуэу, Кьыззэщорыуэж езыр-езыру. Екжэныу псыхэр берычэтрэ уэру. Ищlын хуэмейуэ зыри егъу, Зыщlэхьуэнэ закъуэрэ гущIэгъущ. Жьэхэт щIыналъэр насыпыфlэу Псэуныр куэдым яфlэмыфlу, Дыгъужь нэщIауэ зэщIэкъыгъэу, Кьыщагъэбатэ хьэргъэшыргъэр. Щамыгъэзагъэу сэшхуэр сампIэм, КьеГъэплъыр ахэм я гур бампIэм. Жэнэтым и мелыIыч нэхуэхэр Дыгъужь нэщIахэм ящIыр зэхэзехуэ. Ирахуну жэнэтым дахагъэр, ХьэIуцыдз быныр зэшхуэкъугъэ. Бжьэ кьэпщIауэ джаурхэм я макьыр Щхьэщхьуаэрэ уафэ Тхьэ щордыжьым... Тельыджащэц апхуэдизуи мы дунейр, Iей гуэрри гум кьэкIыну ухуэмей... Щынальэ дахэр яукIыну зи нэхьуейм IкIаэхэм пу нэлат кьывех дунейм! Хэт зыкьуэгъэщхьыр хьэдэ Дунейм екъыIуам идджы дыдэ, ПыкIа кьудейм дыгъуаэ гъащIэм, Зи кьупщхьэм щIымыдзакIэм щыщ, Идджыри и нэгу фагъуэм кьищу Дахагъ нэщхьейр, Хьэрш щIэнщэм зи псэр щыщууейм, Кьытещым Iупэм гуфlэ мащIэр? ЩIигъэпщкIуэжауэ нэ диям и лъащIэм Щиль3ъгъуауэ хьуар мы дуней гъащIэм: И губжьи и дыхьэшх нэщхьыфlи, Идджы а псорри зэрыхьуар пэIэщIэ НатIэ мыл щIыIэ закъуэрщ кьэзыгъащIэр. Аращ кьыззрытщIэфыр я нэхьыбэм Ажалыр кьыззрытхэIэбэр Икьуэу, пихузыкIыу ди гур, Щхэу нэщхьей гуэркIэ зэщIнуфэу нэгур. Арыншэгъам, ди фIэщ мыхьуу ажалыр, Тщыгъупщэжауэ гущIэгъуншэу зэрыIэлир, Дыпэмыплъауэ, пIейтеиншэу, дэрэжгъуэр И нэгум кьищрэ мыигъуэу, Кьыхтыхьэм кьихьу ди уахьтыр Щыдмыгъэутыжу зы хьэтыр. Мис апхуэдэщ кьурш лъахэ тельыджэу, Гущ1эгъуншэу ажалыр хуагъаджэу, Зи уахьтыр кьагъэсар нэхъ пасэу, ИтIани, хэмыкIауэ дахагъэм и псэр, И хэжу бжьыфlэм нэщхьейуэ хуэусэу, Пшэпль дышагфэр кьухьэпlэм хэткIуэ, Щхьэщосыхь мы щынальэм пшэкIухьу. Псэхэхым хэумыгъэкIуэд дахагъэм Идджыри кьыхуишиймы бэийхэр дыгъэм, Кьухьэпlэ пшэпльым и мафlэсыр Кьыщысхьыжьныкуым дахагъэм и псэм. ЛIыхъужь щэджащэхэм я лъахэ, Зи лъужьыр тхыдэм хэмыкIуадэ, Псыхэм игъЭур уи уэрэдыр, Бгыхэм яIэт уи щIыхьыр лъагэу! ЛIэщIыгъуэ минхэм я щIыхьэт, Уи бгъуэнщIагъ кIыфlи, кьырыщхьэ паги Щхьэхунтыныгъэм я хьэщIэщт! Зыхуэхьужажэр ахэр бэн Щхьэхунтыныгъэм щIэзэуэ уи бынщ! Цыхугъэ нэсым и мэжджытыр Кьнгъэсхащ хьунщIакIуэ джатэм. Идджы уиIэжьащэ Iэхьэльэхьэм, Дахагъэ яуклар кьолъыхьуэр. Уэрырыгушхуэгъа нартыкьэхэм Хьуымыгъэкlуадэу я лЬэужьыр! Щыгъупщэжакlэ тенджызэ Iуфэм Iусыгъа жьлэхэр я плЬыфэр? Йугъащэ Сэлэмин! Зэман блэкIахэм я сурэтыр Кьыщlэувэжмэ нэгум нэIурыту Псэхэр кьэтлъагъужьищ щэрыщIэу, Iыхьыгъэ нэскlэ дызэрыщIэу. Дагъэгушхуэныр я гуращэу, КьитэджькъыкIыжьищ адэжьхэр мащэм. ЗэщIагъэплъэжмэ ахэм ди лЬыр, Кьэувыжьищ нэхь лъэщу ди лЬэр. Дзэпщ лъэщхэр лъэпкъым хуребагъуэ, Щэрыгуэ щыхьэу щы хьурейм! ХьунщIакIуэхэу зызыгъэщIагъэм Ирагъэльагъужу я нэ вагъуэр, Пщылlыныр яфlэмыкъабылу, Щхьэхунтыныгъэм и бэнакIуэу, ЛIыгъэм хуагъасэмэ я щIэблэр, Iэщэр игъэтIылъынщ хьунщIакIуэм. Кьуршьлъэ щIыналъэ! ЛIэщIыгъуэ зэщIэтхьуахэм Багъэбдзэмэу зэрагъэзэкIыуэр уи тхыдэр, Псэуп1ыкIэнам ф1ыкъэт кьыгъэтехьэнхэщ Зэрыпсэуам зэгуэрым лъэпкъыр уардэу. Мысырым и пасэрей пащтыхьхэм ЯIэрыхьакIэщ куэд уи кхъащхьэу, Ауэ я псэ дахэхэр уи бынхэм КьыдгъэльыкIыж домбенкъ бэнхэм Дигу кьагъэкIыжу я фэеплъым Зэрагъэжар я хэкум щхьэкIэ я лЬыр. Кхъащхьэр кьигъачэу гъыбзэ пшынальэм, ЗэщIагъэплъэжу щIэрыщIэу ди лЬыр, Нэхьыжьхэм я лЬыгъэр псэм и гуэзу Кьытщхьэщохьэжьри, тхуохьэр гъуэзэ. ЗэрыхэкIуадэм жэнэт щынальэр Гудзакъэншэ дыдэу дыкIэлъыплъмэ, Кьэтхьыныкъэ хэкIуэдахэм я губгъэн, Ар напэм дауэ яхьтхуегъэзэгъын? Щхьэ зыфlэнахэм я зэзауэм Кьишакъым лъапсэрых ныкьуакъуэр Тепщэгъуэм псэр хуэнэпсеИуэ Зэщхьыбжат абы я лЬакъэр... Аращ гъэрыпIэм и Iэхъульэхьыр Щхьэхунтыныгъэм хуэзыгъэхьр.... Сыт дыкIэхьэнам ф1ыкъэт кьыгъэтехьэнхэщ Кьыззрыщащэм жэнэт лъахэр?.. Е пасэрейм и хьыбарыжьы Е нобэрейм и хьыбар пэжу Ущыкуэзэнукьым жаIэжу ЛIыгъэ зехьэныр я нэпкъыжьэу Зи хэкум ноби псым и Iуфэр Зэгуэр зыгуэрми епцIыжьфу... Ауэ, лIэщIыгъуэхэм кьыпхьыкIыжу, БлэкIаэр я гум кьигъэкIыжу, Я жакь адджьхэм кьэIусамэ, Кьрехри кьамэр Лъэпкъ инатым, Бийм ирещIылIэ кьэзэуатыр. Хэжу лЬагъуныгъэм гур игъаблэр Псэуныр натIэ зыхуищIа и щIэблэр, Кьыхуигъэщlар лЬыгъэ зехьэным Дэнэ здихьыжар идджы зэманым? Пщылlыныр я пщэм дэлъу бжьыуэ, Пщэдджьжьыкlэрэ кьэушрэ жьыуэ, Iэхъушэм хуэдэу дахуу кьуПэм Кьызэхэнэнхэу зи пщIыхьэпIи Кьызэмыкьуэхэу щытыгъахэр ЯгъэIэсакlэ блэкIа гъэхэм? Хэгъуэкlыжауэ лЬэпкъым и псэм Щхьэхунтыныгъэм хуеIэ кьуэпсыр Кьуафэжьейл кхъахэхэр псым щесу, Сондэлэжьрым хуэхьэшыру И кьалэхэр хьужащ бэ3эри, Блэкlаэхэм Iэджи хужаIэжу Уи пщIыIуэпщIышэхэр Iужажэу Уи тхыдэр щщагъэхьужу дыдж, Укъэнэжа идджы ильджж?! Щхьэхунтыныгъэм и джэ макьыр Зыхихьыжыфкъым жея лЬэпкъым... Куэдыщи нэпс хущIэдгъэкIар ЛЬэпкъ дэхуэхам и нэгу щIэкIам!.. Идджыкlэ кьжкIыжаци си гум Псэр зыгъэгъэз хьыбарыжьэ гуэр, Си гугъэщ фэри зыхэфIщIэну Кьыщыщlэжар си нэпсыр си нэм. .....

Кьуршхэм я ныбжьхэр плъыжь-фIыцIафэу Iуву тегъуэгъэльаХэщ и щхьэфэм А ныбжьи щэнауэм я Iущащэ Гущ1э ирегъэщIыр бдзэжьеящэм, Игъэшынащи нэкъыфlэщIым, Мыжьыжь3 пэтми адрыщIыр, Абы нэсыну дзыхь имыщIу, Псы Iуфэм Iуныкъсыкыщэу, Псым хьыхэр хедзэр бдзэжьеящэм. Кьнубыдыфахэрэ хуэпIащIэу, Ещ1ыр мы щIыпIэхэм пэIэщIэ. Иуан кьыр лЬагъу кьапльэм жьыжьэу, Зи щыгур мазэм кьнгъэнэхуэм Кьыуэхьэнщмэ3 псыр щIитхъуу хьыжьэу, И кхъуафэжьейр уфафэу ехур. .....

Зэт ... кьоIур шы лЬэ макъ зэщIэжьууэжу... Ар хэт и шу, шым щымысхьыжу, Кьыр блынхэр джэрпэджэжкIэ кьыпзджэжу, Кьыпфlэщlыну толькъуным и тхъурымбэр Кьызыпхиву шы кьэпщIэнтIам и ныбэм, Зыгъэпlейтейр жэщыбгым джабэр? Щызэгъэжами толькъунхэр тенджызым, Щууей ныбжьщIэр щхьэхьу дож ауэым. Уэлбанэм и пшэ фIыцIэр уэгум кьыщоIэгъуэ, Тезэрыхьыну нэхущым и пшэкlэплъым, Ауэ щууей ныбжьщIэм ящIырыкым пыIэгъуэ. Псэм тегъуэльхьам кьыфlыгъэ щIыIэр Абы нэхъ щынагъуэр сыт щыIэ? Джаур! Сэ узмыцIыхуми щIагъуэу, Кьысщохьу укьэзыльхуэ уи лЬэпкъыр благъуэу. ЛIэщIыгъуэ кIуахэм я лЬыгъэ мафlэсыр Идджри къэс уи нэгум щопсыр. Сольагъу мафlэсым и Iэужьу Кьыкlэщlрыкlыр уи лЬэужьу. Гущ1эгъу щыхашэркъым зэманым, Зэманми хуэгъэупщIыIуакъым уи лЬыр Зэуэным ноби зэрыкъуэплъыр, Блэлъэтами щабзэшэу уи ныбжьыр, Кьыскхуэльэгъуащ уи нэгум иль гъжьгъэжьыр. КьызгурыIуащ зытеухуар уи гъащIэр - Е бгъэкIуэдыщ и щIэлэрУэсэныем Е ухисхьэжьынщ езыр зэманым. Маржэ хьужьнихэ! ФынебгъэрыкIуэ! СыкIэльыплъащ сэ уи щхьэм кьрикIуэм. Упхьжьыр жэщ кIыфlым шыщхьэмыгъаэзу, Уи ныбжьыр идджыри щхьэщыльщ кьуршым .....

Си тхъэкIумэми куэдрэ, куэдрэ иклакъым Ауэхэм а жэщым кьыдзэна шы лъэ макъыр... ИгъэпlащIэу шым ельэдзкъауэрт, Кьыщихутам щыхупIэр пащхьэм зэуэ.

● ДифI догъэлъапIэ

ДЖЭРЫДЖЭ Арсен:

«Нэхъ гуапэу, нэхъ щабэу дызэхущытыпхъэт мы зэман зэхэзэрыхьам»

*Ди псэльэгъу Джэрыджэ Арсен 1947 гъэм фокIадэм и 26-м Жэмтхьэлэ къуажэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым щеджащ 1965 - 1970 гъэхэм. И яп*э *усэхэр ихуащ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIэхэр щызэхуэхьэса «ЩIалэгъуэ ауэ» тхылым. «Жащ уэрамхэр», «Сэ еджакIэ зыо-гъащIэ», «Си щыпхъу щыкIуу Дахэуэ», «Уэрамыщхь» усэ тхылъхэр кьыдигъэкIащ, адыгэ спортсмен щIэрыIуэхэм ятеухуа тхылъышхуитI игъэхьэзырад. «Эльбрус» тхыль тедзапIэм, Шэ-*

- Ильэс 65 гъуэгуанэр цIыхухъур лIыпIэ щиувэ, зэпльэкIыжу и гъащIэр щыщIипщытыкIыж зэманщ. Арсен, уи блэкIам ущрипльэжкIэ, узыгъэгушхуи узыгъэгумэщIи хэтщ, дауи, Абыхъэм щыщу сыт нэхъ унгу кьинэжар?

- Сэ сызэрегупсысымкIэ, ильэс 65-рэ къэбгъэщIэныр, дауи, лейкьым. Псом хуэмдэу зыгуэр пхуэзэфIэкIауэ кьыпфIэщIыжу уи гур щыбгъэфым деж. Ауэ, пэжыр жыпIэмэ, блэкIам сыщрипльэжкIэ, апхуэдэу сигу кьэзгъэзэкIыжыни гукъыдэжышхуэ кьыззэзытыни хэсльагъуэркъым, ди сабиигъуэмрэ щIалэгъуэмрэ тынчу зэрыщымытам кьыхэкIыу. Ди ныбжьым итахэм ящыщу кьуажэм кьыдэкIыу ерджакIуэ кьэкIуэну кьызэхъулIэхэм насыпышхуэ кьеуэлIауэ къащхьхурт, сыту жыпIэмэ, зауэ нэужь зэман гугъум кьэхъуахэм еджену, щIэныгъэ тэмэм зрагъэгъуэтыну Iэмал яIэу щытакIым. Школ нэужьым унагъуэ лэжьыгъэм дыкьыдэхуэрэтэкIыми, еджапIэм щызэхэтх, абы кьыщIэтх тIэкIурат щIэныгъэу диIэр. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, еджэным дыхуэнэхъуеиншэт. АрщхьэкIэ, абы щыгъуэм кьуажэ школыр кьэзыухаахэм паспорт кьрамыту зэрыщытам гъэзэгу кьыдитыртэкъым. Паспортыншэу дэнэ укIуэнт? Си ныбжьым итхэм ящыщ куэд щIэныгъэншэу къэзыгъэнари арац. Школ нэужьым колхозым дыщылажьэнырт кьыттапагапIэр. Сэри ар згъэунэхун хуей хъуащ. Колхозым зыкъомрэ сыщылажьа, щIакхъуэ щагъажьэ комбинатым зыгъэхуэхэм илъэскIэ сахэта нэужь, си кIэн кьынкIри, КъБКъУ-м сыщIэтIысхьащ, я фIэщ сымыкъухъэу.

Iутlыж Борисрэ сэрэ зы пэш дыщIэсащ еджапIэр кьэдухыху. Хьэфыщ Iуэ-мухьэмэд, Бакlуу Хьэндиж-рий, Гъэунэ Борис, Абдокъуэ Iэуес жыпIэмэ, зэныбжьэгъухэр куэд дихъурти, дызэрыIыгъыу дызэдеджащ. ДыдэIэпыкъуэгъуншэти, дэр-дэрурэ ди Iуэху зетхуэжьын хуей хъурт. Вокзалым вагон щиунэщIыну нэхъыбэрэ «зи кIэн кьыкIыр» Iутlыж Борист.

- Республикэм и журналистикэм зезыгъэужьхьаэм ущыщщ. Газет, журнал зэхуэмыдзэхэм, тхыль тедзапIэм, радиом, телевиденэм ущылажьащ. А псоми хищыкIын хуейуэ кьэплытэрэ нобэрей журналистым, хьэмэрэ зым нэхъ тегъэщIэн хуей?

- Ябынекъуэхэм журналист лэжьыгъэр нэгуэгъэужьыпIэу кьащохъу. Ар пэжкъым. Уеблэмэ, уи щхьэм зыщигъэпсэхур зэзэмызэхэщ. Кьэсщтэнщ радиом сыщыщыIа зэманри, тхьэмахуэм нэтынитху згъэхьэзырыну си пщэрыльти, жэщхэм сымыжейуэ сылэжьэн хуей хъурт.

Хэхауэ зы Iуэхугъуэ гуэрым нэхъ гулыытэ хуэзыщI журналистхэр, дауи, щхьIэщ. Апхуэдэхэм нэхъ ущрихьэлIэр телевиденэ, гъэт нэхъ инхэрщ. Ди республикэ цIыкIум хуэдэхэм унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм хуэIэжьжь журналистхэм нэхъыбэу ущрохьэлIэ. Ауэ тIум щыгъуэми журналистым щIэныгъэ куу иIэу, Iэхуэгъуэ куэдым хищIыкIыу щытын хуейщ. Нэхъыбэм тхуримыкъур ди щIэныгъэращ. Журналистыр щIэмыIуэ емыджэмэ, и къэухьым химыгъахьуэмэ, удихьэхын хуэдэу тхэфынукъым. Абы и щхьэм сыт щыгъуи илъын хуейщ кьэхъухьащIэ Iэджэм ехьэлIа хьыбархэмрэ бжыгъэхэмрэ.

Нэхьапэм радиом, телевиденэм я журналистхэр Москва щыIэ институтым дагъкIуэурэ ди щIэныгъэм хэзыгъэхьуэну хуейхэр езыр-езыриуи елжэжьыфынущ. Журналистикэм теуха тхылъхэр гъунэжу щыIэщ. Интернетри арац.

ХьыбарегъащIэ IуэхущапIэхэр кьащтэмэ, мыр нэхъ ефIэкIуащ жыпIэу зыгуэр кьыхэбгъэщхьэхуэкIынуи тыншкъым. IуэхущапIэхэр ефIэкIуэн, зауэкьын щхьэжь, журналист Iэ ззэхэр гъэхьэзырын хуейщ. Абы ди республикэм хуэфащэ гулытэ зэгуэрри щигъуэтауэ пхужьыIэнукъым. Иджы ди университетым факультет гуэр кьыщыззэIуахащи, абы фIы кьыдэжIуэну дыщыгугъынщ.

- Журналистыр цIыху гъэщIэгъуэн куэдым ирохьэлIэ. Уэ уигу кьинэжаэм ящыщу хэт и гугъу кьытхуэпщынт?

- Центральнэ телевиденэм сызыщыдэлажьа дэтхэнэ зым уепсэльыльIэнуи удэлэжьэнуи гъэщIэгъуэн защIэт. Ахэр зи IэщIагъэм хуэIэижь, сыхьэт псокIэ пхужьмыIэныр дакъикъэ зы-тIум кьизыгъэтIасэ журналист Iэ ззэхэт. Абыхъэм Iэдакъэм сыхуагъэсащ.

Ди республикэм ис цIыху цIэрыIуэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр кьанэ щымыIэу фIыуэ сцIыхурт, я IуэхущIафэхэми сыщыгъуазэт. Апхуэдизэ ильэскIэ зы лэжьыгъэм уцы-пэрыткIэ, дауэ умыдыхунрэт.

- Иджы литературэмкIэ дгъэззэнщи, ужурналистым и мызакъуэу, уэ усакIуэуи укьацIыху. «Сэ еджэкIэ зыгогъащIэ» уи тхыль цIыкIур сабийхэм гунэс ящыхьуауэ щытащ, абы ихуа усэхэм композиторхэм макъамэ щIалъхьащ. Куэдыр фIы хъункIэ Iэмал иIэкъым, жыпIэу ара уи усэхэр нэхъ мащIэ щIэхьуар?

- Пэжыр жыпIэмэ, абы щхьэусыгъуэу зыкъом иIэщ, ауэ журналистикэм уильагъуэ зэман кьызэрыпхуумыгъэнжри Iуэхум хэльщ.

Сабий усэхэм я гугъу пщIымэ, цIыкIухэм ахуэхэтхэну зэрынэхъ гугъурауэ кьыщIэкIынщ куэдым зыщIрамыпщытыр. Абы папщIэ сабий гупсысэкIэм фIы- уэ хэпщIыкIыу, сабийбзэм уцухуэзэрыуэ, ярJэгъащIэгъэн хъун темэ кьыхэпхьфу щытын хуейщ. Аэр зэхуэхьэсауэ зыбгъэдэлъыр, дауи, мащIэщ.

Усэр фынкIи мыфынкIи хъунщ, ауэ, сабийм и пащхьэм щиплъхьэнукIэ, нэгъуэщI мыхъуми, ар зэрытха бзэм ныкъусаныгъэ гуэри иIэ хьункъым. Ар гурыIуэгъуэу щыIтпхъэщ дэтхэнэ зы усакIуэм дежкIи.

- ЩIэжьыкIакIуэхэм нэхъ-рэ «ди тхакIуэхэр» нэхъыбэ зэрыхъуэм дауэ уепльрэ?

- Ди ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм ящыщу зи тхыгъэ дунейм кьытехьэхэр мащIэ дыдэ хъуащ. Мыдрейуэ, тхэным хуэхамэу тхыльэ кьыдэзыгъэкIхэр кьапщтэмэ, абы и щхьэусыгъэр зыхьыумыщIыкI сыт хуэдэ Iэхъугъэуэри тегушхуэгъуэфIэу зэрыщытраMy кьыщIэкIынщ. ТхакIуэу зыкъыщIэщIыжа куэд кьэунэхуащ иджы. Тхылъ кьызэрыдэбгъэкIын мыльку уиIэмэ, нэгъуэщI гугъуехь Iуэхум хэпкъым. Ауэ цIыхум игу дыкъэн, зезыгъэужьын умытхэ, сыт абы мыкъэнэуэ иIэр?

Нэхъапэхэм тхакIуэшхуэ дыщIимыIар ди тхыбзэм лъабжьэ зэримыIарщ. Иджы абы лъабжьэ зэригъэпэщащ, ауэ тхакIуэхэр щIэныгъэ дыщощIэ. Ди тхакIуэ нэхъыжьхэу Шортэн Аскэрбий, КIыщокъуэ Алим, Нало Заур сымэ щIэныгъэфI яIащ, бгъэщIагъэуэ.

- Ущылажьэ «Iуащхьэмахуэ» журналым сыткIэ ухуэхьуапсэрэ?

- Журналыр зэхуамыщIыжу кьыхтхудэгъэкIыну. Ильэс зыбжанэ хьуауэ унафэншэу дыкьокIуэкI, дызэгъэбыдыла Iуэхущапсэхэр зыбжанэрэ зэрахьуэжам кьыхэкIыу зэхэзэдэзи дыхъущи. Абы Iуэхур игъэкIуэтэркъым. И бжыгъэкIэ кьапщтэмэ, мащIэ дыдэкъым, минитI хьууэ кьыдыдогъэкI. АрщхьэкIэ, ди тхакIуэхэм кьыхтхуахь тхыгъэхэр мащIэ дыдэ хьуащ. ТхакIуэхэми езы журналми хуэфащэ гулытэ ямыгъэтэ, Iуэхур нэхъри екIэкIуэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым.

- Мы нобэрей гъащIэм нэхъ узыгъэгушэвэу сыт хэпльагъуэр, Арсен?

- КъызэрыщIэкIымкIэ, нэгъуэщI льэпкъ щыкIухэми хуэдэу, гъащIэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ инхэм дахуэмыхьэзыру кьыщIэкIащ - ди Iуэху зехьэкIэкIи, ди хэльэткIи, ди кьэухькIи, ди щIэныгъэкIи. А псом я щIыIужкIэ, ди гъэсэныгъэр, культурэ жыхуэтIэхэр икъукIэ льахьшэщ. Ди зыгъэпсэхупIэхэр, мэзэхэр, уэрамэхэр пхьэнкIий идзапIэ хьуащ. Бзэм кьытенэжа ди щIыхубзхэм унагъэм ирагъэшхьи щIакхъуэ Iыхьэ нобэ кьалэжьыф жыпIэми, абы пщэдей кьыпIэуэжьнур узыщIэмыхьуэпсынщ. ЦIыхум кьилэжьыр и унафэм щримыкIыж зэманыр щIэхуу блэмыкIмэ, дызыхуэкIуэнур жыIэгъуафIэкъым. Нэхъ гуапэу, нэхъ щабэу дызэхущытыпхьэт мы зэман зэхэзэрыхьам. Зыр зым дыдэIэпыкъуу, гушIэтъу нэхъ тхэлъу. Апхуэдэ хабзэ кьыддекIуэкIыу щытащ адыгэхэм. Ар къэзыгъэщIэрэщIэжьифынури дэращ.

Епсэльар

ТЕКIУЖЬ Заретэщ.



Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балькъэрым адыгэбзэкIэ кьыщыдэкI газетхэм я лэжьакIуэхэм я зэIущIэхэм щытраха суратхэщ.

● Теннис

«ЩIэин» фондым къызэрегъэпэщ

Иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэм стIолыщхьэ теннисымкIэ я зэнеуэ. Сабий зеиншэхэм защIэгъэкъуэным зи дежьыгъэр теухуа «ЩIэин» фондым и сагъэтхэм щIэбэнащ 1999 - 2002 гъэхэм къаIуха щIалэ, хъыджэбз щыкIухэр, нэхъыщIэхэрн. Псори зэхэту - 82-рэ.

1999 ГЪЭМ къаIуахуэхэм, абыхъэм нэхъыр нэхъыщIэхэм я деж текIуэныгъэр кьыщыхасащ Дэхъу Залымрэ Битокъу Тамарэрэ. ЕтIуанэ уеныпIэр зэрагъэхьащ Мирзоев Азэмэтрэ Джэрыджэ Аминэрэ. ЕщанэхъуахэщI Байкалов Аскэррэ Бэрэгъун Миланэрэ. 2002 гъэм къаIуахуэхэмрэ нэхъыщIэжьхэмрэ я зэпеуэм щыгъэкIуащ Тембот Астемырэрэ Балъкъэр Элинэрэ. Савин Леонидрэ Кхъуэлуфэ Элеонорэрэ етIуанэ, Чеченов Андемырэрэ Теунэ Элинэрэ ещанэ увыпIэхэр кьахьащ.

Зэпеуэр щытекIуахэм медалхэр, кубокхэр, щIыхь тхыльхэр, ахъшэ сауГъэтхэр ираташ.

Зэхьэзэхуэр кьызэрагъэпэщащ «ЩIэин» фондым и унафэщI КIэрэф Анирэр СтIолыщхьэ теннисымрэ теннисымкIэ сабий-ныбжьыщIэ спорт школ щхьэхуэм и тхьэмадэ Климов Андрейрэ. Абыхъэм я жэрдэмыр даIыгъащ КъБР-м ЖыIалагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я IуэхуэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм, «Медиа Урысей Ипщ» ООО-м.

● Атлетикэ хьэлъэ

Лефлер Артём дыжьыныр къытхуехь

ФокIадэм и 17-м щегъажьауэ и 23 пщIондэ Словакием и Кошицe къалэм щекIуэкIащ ильэс 7 иримыкъуэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ атлетикэ хьалъэмкIэ я зэпеуэ. Абы Урысейм и щыкъэ щыщыкъумахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Лефлер Артём. Шекемов Михаил и гъэсан щIалэр япрудщ килограмм 77-рэ зи хьалъагъхэм. Абы етIуанэ увыпIэр зыIэригъэхьащ.

Артём Налшык аэропортым къыщрагъэблагъэжащ и унагъуэм, ныбжьэгъухэм, КъБР-м СпортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм, республикам атлетикэ хьалъэмкIэ и федерацэм и унафэщI Уэзэрокъуэ Iэбубэчыр и гъусэу, журналистхэм.

Спортсмен Iэкlуэльакlуэм кьызэхуэсахэр ехъуэхуащ адэкIи ехъулIэныгъэфIэр иIэну. Уэзэрокъуэ Iэбубэчыр кьызэрыкиГащамкIэ, ерыщагъ ин зыхэлъ Артём медальым щыщIэзэуфынщ Рио-дежЖанейрэ щекIуэкIыну Олимпиадэмри.

Артём и адэ-анэм фIыщIэ хуащIащ щыщIэзэкъуэн къахуэхъуахэу атлетикэ хьэлъэм и федерацэмрэ спортсменым и тренерымрэ.

Нэхъапэми, двоеборьемкIэ зэхэту килограмм 304-рэ кьызэринэкIри, Лефлер Артём дыжьын медаль кьихьащ щыстащи. Мы гъэм и щыщхьэIум атлетикэ хьалъэмкIэ Европэм пашэныгъэ кьыщыкьыныжмкIэ Румынием щекIуэкIа зэхьэзэхэсым Артём дыжьыныр кьыщихьащ. 2012 гъэм и зэпеуэхэр екъуэлIэныгъэ иIэу кьызэзэнэкIа щIалэр гъэ кьакIуэ хэтнущ зи ныбжьыр ильэс 20 иримыкъуахэм я зэпеуэм.

ПЦЫНОКЪУЭ Залым,

КъБР-м Спортымкlэ, туризмымрэ курортхэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакlуэ.

● Алылж-урым бэнэкIэ

Спортым и мастер хъуахэщ

Тырныауз дэт «Геолог» спорт комплексым щекIуэкIащ СССР-м спортымкIэ и мастерхэу Байзулаев Юсуфэр Мирзоев Хьэзыр-рэ я фэщIэ Урысейпсо зэпеуэ. Абы къекIуэлIащ Урысейм и щыналъи 8-м къикIа спортсмен 130-рэ.

ЗэпеуэР къыщызэIуахым спортсменхэм къаIущIащ Iащхьэмахуэ куейм и унафэщIым и къуэдзэ Iулымбащ Арсланрэ КъБР-м СпортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и хьэдэхэм и унафэщI Анаев Аслъэнрэ. Зэхьэзэхуэм и хьэщIэхэт Лондон щекIуэкIа Олимп Джэгухэм жэз медаль кьыщызыхьа Курамагомедов Зауррэ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысейм и тренер цIэрыIуэ Локьяев Юрийрэ.

Зэман куэди дэкIакъым Курамагомедовыр езыр спортым и мастер щIрыIуэхэм я щIыхькIэ «Геолог»-м щекIуэкIа Урысейпсо зэпеуэм кубокым зэрыщыщIэзэфащ. Иджы бэнакIуэ ныбжьыщIэм лъагэу зиIэтащ.

Зэхьэзэхуэм щыбзнахэр я хьэлъагъкIэ гупий гуэшат. Килограмм 50 зи хьэлъагъхэр ныбжьыщIэхэрт.

КъБР-м и бэнакIуэхэм ехьалIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьащ зэпеуэм. ТекIуэныгъэ кьаIущ Жалокъуэкъуэ Амир (кг 84), Чеченов Озир (кг 50), Локьяев Жамболэт (кг 56) сымэ. Медалхэмрэ кубокхэмрэ кьызэрахьам мэзищI, ди бэнакIуэхэм кьыфIащащ спортым и мастер цIэр. Килограмм 55-рэ хъухэм я зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэ кьыщIихащ Табыхъу Тимур, Унэжокъуэ Аскэр ещанэ хъуащ. Килограмм 50 зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм Калдани Габриелрэ Евгъэжьакъуэ Рэмэзанрэ ещанэ увыпIэр кьыщахьащ.

ТАРИМ Алисэ.

Хэкум и хъуакIуэ хъунухэм я зэхьэзэхуэ

● Спартакиадэ

ФокIадэм и 28-м Прохладнэ къалэм и стадионым щекIуэкIынущ дзэм иджырэ ирамыджа щIалэгъуалэм я бжьыхьэ спартакиадэ.

КъАРУ, узынщагъэ, ерыщагъ щагъэнэхуу зэпеуэм хэтынущ къалэ школхэм я класс нэхъыбжьхэм и еджакIуэу 100-м щигъу.

ЩIалэгъуалэр зэхьэзэхуэнущ эстафетэ, гранатэр дзын, метрищэм къэжэн, противогаз зыIулъхьэн, нэгъуэщI лIэужьыгъуэхэмкIи.

Зэхьэзэхуэр кьызэрагъэпэщ Прохладнэ къалэм и щIыпIэ администрацэм гъуазджэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ, спортымкIэ кьудамэхэм. ЩIэзэкъуэн мэхъу дзэ комиссариатым и кьудамэр, Урысейм и ДОСААФ-м и щIыпIэ кьудамэу КъБР-м щыIэр, «Урысей зэкъуэтым» и щIыпIэ исполкомыр. УФ-м и дзэм тэмэму хэтын папщIэ, щIалэгъуалэр гъэсауэ, узынщагъэу щытын зэрыхуейращ псори зытращIыхьыр.

Спартакиадэр кьызэIуахынущ сыхьэт 14-м.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ,

Прохладнэ къуэдм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Напэм и пIэкIэ - сом мини 2

Урысей МВД-м и «Прохладнэ» къудамэм и лэжьакIуэхэм псынщIэу яубыдащ хъунщIэн мурадкIэ цIыхум теуэныр кьызэзыгъэпэща бзаджащIэр.

НЭХЪАПЭМ суд зытращIыхьауэ щыта, 1982 гъэм къаIуха цIыхухъум, жэщым сыхьэт 01-рэ дакъикъэ 38-м бжэр икъутэри, щхьэзакъуэ унэм щIыхьащ. Ар зейр 1921 гъэм къаIуха лIыжьти, щIэпхъаджащIэхэм сэкIэ ягъэшынэщ, абы иIэ сом мини 2-р зыIэрагъэхэри, загъэбгъэжьащ, Толицэм къиубыдащ щIэпхъаджащIэхэр.

КIэрахъуэр зейр хэт?

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и Гъуэгу-пльыр къыщыкъум и ротэ щхьэхуэм и лэжьакIуэхэм Налшык къалэ Калининым и щIэр зезыхьэ, Самотечнэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм деж къыщагъэувыащ 1991 гъэм къаIуха лашынкъейдэсым и ВАЗ-217030 автомашинэр.

ДЭФТЭРХЭМРЭ транспортымрэ кьыщапщытэм кьагъэтащ кIэрахъуэ, шалъхьI щIыпIэу, щIэуэ 10.

Къытрахар КъБР-м щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ирагъэхьащ. КIэрахъуэр зейр зэхагъэкI.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хъыбархэмрэ эхьалатхуэ зэпыщIэныгъэхэмкlэ и Iэнатlэ.

Лэжьыгъэм кърикIуахэр

Балигъ мыхъуахэм щIынальэм и хабзэр кьызэпемыгъэуэдыным теухуа «Ипщэ щIынальэм и сабийхэр» лэжьыгъэр фокIадэм и 10 - 24-хэм Налшык къалэ щекIуэкIащ.

Абы хиубыдэу узынщагъэр зэрыпхъумэнум, хабзэм (наркотикхэр зэрыщхъухьым, балигъ мыхъуауэ хабзэр кьызэпизыудэхэм яхь жэуаплынгъэр зыхуэдэм) теухуа лекцэу 50-м щIигъу кьеджащ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIащ. КъищынэмыщIауэ, Налшык къалэ дэт школхэм зезыхьэ-ми мы Iуэхуэхэм хэзыгъэгъуазэ лэжьыгъэ драгъэкIуэкI.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкlэ и Управленэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪЭЖЬМЫХЪУ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, НэщIэныджэ Замир, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Иэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэм Iуэхущапlэхэм ядолжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ щысмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщащIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм я къуэдзэ яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощтэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм щыдагъэкIа и 16-м Печатым и хунтынигъэр хъумэныжмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыдрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIыпIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Кьаншокъуэ Элэ, редактору Хьэжыкъарэ Алик, корректорхэу Щоджэн Заирэ (1, 4-нэ нап.), ЩхьэщэмыщI Иэ (2, 3-нэ нап.). Корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырзэкан ФатIимэ. КомпьютеркIэ газетым и тепIэр щыIащ Ныр Саидэ, Мэлбахьэу Анжелэ, суратхэм елэжьар Къарей Элинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьазыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэ сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.102 ● Заказ №2556